ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

І924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№75-76 (24.046) ● 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 27, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Урысей Федерацэм и Правительствэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 159-рэ къыхуиутІыпщынущ щІыналъэр псыкІэ къызэгъэпэщыным къыхуагъэсэбэпыну

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІ Мишустин М. В. Іэ щІидзащ 2020, 2021 - 2022 гъэхэм цІыхухэр зэфэну псыкІэ къызэгъэпэщыным хыхьэ объектхэр зэгъэпэщыжыным, ахэр егъэфІэкІуэным хухаха субсидиехэр зэрытрагуашэ щІыкІэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа унафэм.**

АБЫ къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мы дызэрыт илъэсым УФ-м и федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 159,1-рэ къратынущ. Ахъшэр трагъэкІуэдэнущ республикэм и жылагъуэхэр псыкІэ къызэгъэпэщыным пыщІа гугъуехьхэр дэгъэкІыным.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*



## КъБР-м и Іэтащхьэр хэтащ Наркотикхэр хабзэншагъэкІэ зэрызэрагъэкІуэкІым ебэнынымкІэ къэрал комитетым и зэІущІэм

**Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэм видеоконференц мардэм тету зэхэтащ Наркотикхэр хабзэншагъэкІэ зэрызэрагъэкІуэкІым ебэнынымкІэ къэрал комитетым и зэІущІэ. Ар иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и министр, полицэм и генерал Колокольцев Владимир. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

УРЫСЕЙМ и МВД-м и унафэщІыр тепсэлъыхьащ зыхэплъэ Іуэхум теухуауэ къэралым щыщыІэ щытыкІэр зыхуэдэм:

«Хьэпшыпхэмрэ хьэлъэхэмрэ зэрагъэІэпхъуэм кІэлъыплъыным и Іуэхур щагъэткІия мы лъэхъэнэм хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хъуащ Урысей Федерацэм и щІыналъэм хамэ къэралхэм щащІауэ щэхуу къашэ наркотикхэр. Абы къиушащ къэралым синтетикэ афиянхэкІхэу нэхъыбэ щащІыныр. Дызэрыт илъэсым и япэ мазищым къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ органхэм афиянхэр щащІ апхуэдэ лабораторэу хыщІым нэблагъэ къахутэри, ахэр зэхуащІащ, ар илъэс кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 44-кІэ нэхъыбэщ».

Щапхъэ папщІэу Колокольцев Владимир къиихьащ Москва областым мефедрон препаратыр щэхуу къыщыщІагъэкІ лабораторэ къыщызэзыгъэпэща гуп къызэрыщІагъэщар икІи абыхэм зэтраухуа Іуэхур къызэрызэпаудар:

«Абыхэм къыкъуаха афиянхэкІхэм зэуэ зрахьэлІэ дозэ минищэрэ тхущІрэ къыхэкІынут, абыкІэ гъэпщкІуауэ сату зыщІхэм сом мелуанищэм щІигъу къыщІахыфынут».

Министрым къыхигъэщащ властым и федеральнэ, щІыналъэ органхэр афияныр лъабжьэ зыхуэхъу щІэпхъаджагъэхэм зэкъуэту пэщІэтын зэрыхуейр, апхуэдэуи дунейм и адрей къэралхэм а ІуэхумкІэ хуаІэ пыщІэныгъэр зэрыгъэбыдапхъэр.

НаркотикхэкІхэр зэрызэрагъэкІуэкІым пэщІэтыным хуэгъэза урысей политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм я лъабжьэр абы ехьэлІауэ дуней псом щызекІуэ хабзэхэрщ, илъэс кІуам и гъатхэпэм ООН-м иригъэкІуэкІа 62-нэ сессием къыщащта кІэух декларацэм иубзыхуарщ.

Абы къыдэкІуэу, зэІущІэм хэтхэр зэреплъымкІэ, языныкъуэ къэралхэм «афиян мыхьэлъэ» жыхуаІэхэр къагъэсэбэпыну хуит зэращІыр дунейпсо зэгурыІуэныгъэхэм я лъабжьэхэр къэзыгъэтІасхъэщ, нэхъыщхьэращи - цІыхухэм, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм, я узыншагъэм зэран хуохъу, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм емыувалІэ адрей къэралхэм я Іуэху еплъыкІэр мытэмэм хуэдэу къыщІрегъэдз.

Абы нэмыщІ, зэІущІэм щыхэплъэжащ наркотикхэр зэрызэрагъэкІуэкІым ебэныным, абы кІэлъыплъыным теухуа лэжьыгъэр 2019 гъэм къэралым зэрыщекІуэкІам кърикІуахэм икІи Урысей Федерацэм и Президентым илъэс къэс хуагъэхь докладым и проектыр къащтащ. Абы щызэпкърыхащ наркотикым пэщІэтынымкІэ къэрал политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр.

Колокольцев Владимир къыхигъэщащ:

«Наркотикхэр хабзэншагъэкІэ зэрызэрагъэкІуэкІым пэщІэт федеральнэ, щІыналъэ комиссэхэр зэрызэдегугъуам и фІыгъэкІэ илъэс кІуам тхузэфІэкІащ щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зедгъэхъуэжыныр. Наркотикхэр щэным пыщІа щІэпхъаджагъэхэр процента 9,5-м нэблагъэкІэ нэхъ мащІэ хъуащ, наркомание узыфэр зэфыкІхэри проценти 5-кІэ нэхъ мащІэщ».

Мы зэманым и кІэм нэблэгъащ СтратегиещІэ зэхэлъхьэным теухуа лэжьыгъэр, абы 2030 гъэм нэсыху зэфІагъэкІын хуейхэр къызэщІиубыдэнущ: а Іуэхум жылагъуэр трагъэпсэлъыхьащ, коррупцэм пэщІэтын и лъэныкъуэкІи экспертизэ ирагъэкІуэкІащ, ар зэхьэлІа ІуэхущІапІэхэм я нэхъыбапІэр абы арэзы зэрытехъуэр жаІащ.

Зытепсэлъыхьа Іуэхухэм ящыщщ никотин зыхэлъ, ауэ тутын папщІэу къамыгъэсэбэп зэхэлъхэр зэрызэрагъэкІуэкІыр къэралым и нэІэ щІэтыным теухуари. Наркотикхэр хабзэншагъэкІэ зэрызэрагъэкІуэкІым ебэнынымкІэ къэрал комитетым и унафэщІым зэхуэсым хэтхэр щыгъуазэ ищІащ а унэтІыныгъэм щрагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм кърикІуахэм:

«Роспотребнадзор»-м и щІыналъэ органхэм, Прокуратурэ нэхъыщхьэм, Урысейм и МВД-м, Следственнэ комитетым я лІыкІуэхэр щІыгъуу, къэпщытэныгъэ мин щитІым щІигъу ирагъэкІуэкІащ, яубзыхуахэм нэмыщІ, щІыпІэхэм кІуэурэ зэхагъэкІа Іуэху мин хыщІ хуэдизри абыхэм яхэту. Абы и фІыгъэкІэ, никотин зыхэлъ, тутын папщІэу къамыгъэсэбэп продукцэу сату щІыпІэхэм щызэрагъэкІуэкІыр хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хъуащ».

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*



## КІуэкІуэ К. В. хэтащ Балъкъэр Ипщэ ГЭС мыиныр Шэрэдж щІыналъэм къызэрыщызэІуахым теухуауэ екІуэкІа зэхыхьэм

**Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Шэрэдж щІыналъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м щызэхэтащ мегаватти 10 зи лъэщагъ Балъкъэр Ипщэ ГЭС мыиныр лажьэу утІыпщыным теухуа зэІущІэ. ГуфІэгъуэ зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, «РусГидро» компанием и Правленэм и унафэщІ - и генеральнэ директор Шульгинов Николай (ВКС мардэм тету), «РусГидро»-м и генеральнэ директорым ухуэныгъэмкІэ и къуэдзэ Карпухин Николай, КъБР-м и Правительствэм, «РусГидро»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм, Шэрэдж щІыналъэм и администрацэм я унафэщІхэр.**

«БАЛЪКЪЭР Ипщэ ГЭС мыиныр лажьэу зэрыдутІыпщым и фІыгъэкІэ дэ диІэнущ электрокъару къэзылэжь ІэнатІэщІэ, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек. - Станцыр дыкъэзыухъуреихь дунейм зэран хуэхъуркъым. Абы къыдэкІуэу, ГЭС-р цІыхухэм лэжьапІэ яхуэхъунущ икІи налогхэр зэпІэзэрыту къэзытыну ІуэхущІапІэщ». Республикэм и Іэтащхьэм «РусГидро»-м и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ генерацэ мыиным и объектхэм щІыналъэм зыщегъэужьыным зэгъусэу зэрелэжьам папщІэ икІи а Іуэхум къыхэжаныкІахэм къэрал дамыгъэхэр яритащ.

«Балъкъэр Ипщэ ГЭС мыиныр зэредгъажьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр электрокъарукІэ къызэгъэпэщыным, ар зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным хэлъхьэныгъэфІ хуэхъунущ, - жиІащ Шульгинов Николай. - СтанцыщІэм электрокъару къабзэ къилэжьынущ икІи республикэм сэбэп хуэхъунущ абы и лъэныкъуэкІэ зыхущыщІэхэр, нэгъуэщІ щІыналъэхэм къратхэр игъэмэщІэнымкІэ».

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гидроэнергетикэ ІэнатІэм зегъэужьыным хуащІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ Шульгинов Н. Г., Карпухин Н. И. сымэ КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфэщащ. Борисовэ Т. И. «КъБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ», Хузмиев А. А. «КъБР-м щІыхь зиІэ и энергетик» цІэ лъапІэхэр фІащащ. КъБР-м и Іэтащхьэм ФІыщІэ яхуищІащ Ашев Р. А., Миронов Б. В., Шерварли Е. И. сымэ.

Балъкъэр Ипщэ МГЭС-р гидроэнергетикэм и ухуэныгъэщ. Ар адрейхэм къащхьэщокІ дыкъэзыухъуреихь дунейм зэремыгуауэмкІэ. ГЭС-р тращІыхьащ Шэрэдж щІыналъэм иІэ Балъкъэр Шэрэдж псым. Станцым епха ухуэныгъэхэр щІыпІэм хъарзынэу йозагъэ - абы и зэранкІэ псыр тафэтесхэм ящІэуэнукъым, ГЭС-м и ухуэныгъэм псым и жапІэр зыкІи ихъуэжыркъым. И щытыкІэкІэ ухуэныгъэр деривационнэ гидроэлектростанц жыхуаІэхэм хуэдэщ - абы и турбинэхэм ягъуэт псыр псыІущІэкІэ хуаутІыпщу аракъым, атІэ псыежэхым щыщ бжьамийкІэ ирашэлІауэ аращ. Апхуэдэу зэращІам Іэмал къитащ псыІущІэ лъаги псы хъумапІи ямыщІу турбинэхэр тэмэму лэжьэн папщІэ зыхуеину псым хуэдиз абыхэм ягъуэтынымкІэ. МГЭС-р къызэгъэпэщащ иджырей оборудованэ лъэщхэмкІэ, ахэр метр миным щІигъу лъагапІэм къыщежьэу къех къуршыпсым щылэжьэныр къэлъытауэ, абы тещІыхьауэ зэпкъралъхьащ. Балъкъэр Ипщэ МГЭС-м илъэсым ику иту электрокъаруэ къилэжьынущ киловатт-сыхьэт мелуан 60.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

## КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Шэрэдж щІыналъэм щрагъэкІуэкІ ухуэныгъэ зыбжанэм щыІащ

**Шэрэдж щІыналъэм лэжьыгъэ ІуэхукІэ щыкІуам КъБР-м и Іэтащхьэм зыщиплъыхьащ муниципалитетым и ухуэныгъэ зыбжанэм.**

ПСАЛЪЭМ папщІэ, КІуэкІуэ К. В. щыІащ «Урысей Федерацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ 2016 - 2020 гъэхэм зыщегъэужьыныр» зыуэ щыт федеральнэ программэм ипкъ иткІэ Къэщкъэтау щащІ спорт комплексым. ЩІыналъэм щаухуэ япэ апхуэдэ ІуэхущІапІэм ехьэлІа лэжьыгъэхэр зэфІыхьэмэ, ар хуэщхьэпэнущ спортымрэ физкультурэмрэ цІыхухэр дегъэхьэхыным, щІэблэм абыхэм зыхуагъэсэным, щІалэгъуалэми нэхъыжьхэми я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр я щхьэ и сэбэп зыхэлъ Іуэхум трагъэкІуэдэным, апхуэдэуи цІыху куэд зыхэт спорт зэхьэзэхуэхэр щегъэкІуэкІыным.

Проектым зэрыщыубзыхуамкІэ, абы псы гуэн, спорт зал, апхуэдэ ІуэхущІапІэр нэгъуэщІу зыхуеину пэшхэр хэтынущ. Мы зэманым ирихьэлІэу ухуэныгъэм и унитІри дращІеящ, щхьэ тралъхьащ, трибунэхэр ящІащ, инженер коммуникацэ псори ирашэлІащ икІи падзащ, иджы и кІуэцІымрэ и щІыбымрэ къращІыкІ, ухуэныгъэм и хъуреягъыр зэІузэпэщ ящІ, ягъэувыну Іэмэпсымэхэр кърашалІэ. Спорт комплексыр дызэрыт илъэсым и фокІадэм ирихьэлІэу лажьэу яутІыпщыну я мурадщ.

Республикэм и УнафэщІым а махуэ дыдэм къипщытащ щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ «Бабугент - Безенги» автомобиль гъуэгур зэрызэрагъэпэщыжыр.

«Безенги» базэмрэ бгырыс къуажитІымрэ уахуэзышэ «Бабугент - Безенги» гъуэгур Бабугент къуажэм къыщыщІэдзауэ Къарэсу нэсу зэгъэпэщыжыным Іэмал къитынущ Шэрэдж щІыналъэм иджырей зыгъэпсэхупІэхэм зыщегъэужьынымкІэ. 2019 гъэм абы гъуэгу километри 4,6-рэ щызэрагъэпэщыжащ «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» программэм хыхьэу.

2020 гъэм пащэ къэна гъуэгу километри 7,6-р зыхуей хуэгъэзэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэм. Мыбдежым асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу къатитІу щытралъхьэну, псыжапІэхэр хуащІыну, гъуэгу Іуфэхэр бетонрэ мывэдукІэ къащІыхьыну къапэщытщ. Лэжьыгъэ псори зэфІагъэкІыу гъуэгур мы илъэсым и кІэ пщІондэ ятын хуейщ.

Мы зэманым КъБР-м щызэфІагъэкІ инвестицэ проект нэхъыщхьэхэм ящыщщ «Гуэл щхъуантІэ ипщэхэр» туркомплексыр къызэгъэпэщыныр. Ар хуэунэтІащ республикэм и туризм инфраструктурэм зегъэужьыным. Ухуэныгъэм хохьэ Гуэл щхъуантІэ ипщэхэм тыншыпІэм тещІыхьа европей мардэхэм изагъэ хьэщІэщ щыщІынымрэ ар лажьэу утІыпщынымрэ. Абы пырхъуэ зэІухарэ кхъуафэжьейхэр зэсылІэ хъуну тедзапІэрэ зиІэ шхапІэ хэтынущ, хьэщІэхэр щрагъэблэгъэну унэ цІыкІухэр, спорт, сабий джэгупІэхэр, уэршэрыпІэхэр, дыгъэ зегъэупІэхэр иІэнущ.

Мы зэманым ирихьэлІэу хьэщІэщым, администрацэр щылэжьэну унэхэр ухуэн яухащ. И кІэм нагъэблэгъащ хьэщІэ егъэблэгъапІэм, бдзэжьеящэм я унэ цІыкІухэр, кафер щІыныр, объектым и хъуреягъкІэ иІэ щІым ехьэлІа лэжьыгъэхэри йокІуэкІ. Инвестицэ проектыр ягъэзащІэ УФ-м «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм зегъэужьыныр» и программэм къыщыгъэлъэгъуахэм тету.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъунымкІэ зи чэзу Іуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъунымкІэ зи чэзу Іуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) 2.1 пунктым:
ещанэ абзацым хэт «музейхэр,» псалъэр хэгъэкІын;
етхуанэ абзацым къару имыІэжу къэлъытэн;
мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэ абзац щІыгъун:
«Мы пунктым къыщыгъэлъэгъуа мардэхэр яхуэгъэзакъым музейхэмрэ библиотекэхэмрэ я лэжьыгъэм.»;

2) 2.2 пунктым:
ещанэ абзацым хэт «щхьэщІэщапІэхэм» псалъэм щІыгъун:
«косметикэ Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэхэм»;
етхуанэ абзацым къару имыІэжу къэлъытэн;

3) 2.9 пунктым къару имыІэжу къэлъытэн;

4) 2.11 пункт мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу щІыгъун:
«2.11. Мы Указым и 2, 2.1 пунктхэм, 26-нэ пунктым и пункт къуэдзэхэу «а», «б» жыхуиІэхэм къыщыгъэлъэгъуа мардэхэр яхуэгъэзакъым Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм арэзы техъуэным теухуа ІэІэтымрэ зыуэ щыт къэрал экзаменхэмрэ захуэгъэхьэзырынымрэ ахэр егъэкІуэкІынымрэ, апхуэдэуи абыхэм хэтыным ехьэлІа Іуэхухэм.»;

5) 4.3 пунктым къару имыІэжу къэлъытэн;

6) 7.3 пунктым хэт «щІэныгъэ щрагъэгъуэт ІуэхущІапІэхэм щеджэхэм» псалъэхэм яужькІэ къэхьын «(курыт ІэщІагъэ щрагъэгъуэт ІуэхущІапІэхэр къэзыуххэм ирагъэт къэрал къэпщытэныгъэ экзаменым хэтхэм къищынэмыщІауэ)» жиІэу.

2. Мы Указым къару егъуэт 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м къыщыщІэдзауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м*
*№73-УГ*

● Егъэджэныгъэ

## Къэпщытэныгъэхэм хуэхьэзырщ

**Мы гъэм курыт школхэр къэзыух ныбжьыщІэхэм ящыщу еджэным адэкІи пызыщэнухэм я закъуэщ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр (ЕГЭ) зытынур. Къэпщытэныгъэхэм хуэзыгъэхьэзыр лэжьыгъэхэр мы махуэхэм щызэфІах дэнэкІи. Къэпщытэныгъэхэр щекІуэкІыну махуэхэр мэкъуауэгъуэм и 17-м иубзыхуащ УФ-м и Правительствэм. Абыхэм ятеухуа унафэ къыщащтащ УФ-м и Къэрал Думэмрэ ФедерацэмкІэ Советымрэ, «Роспотребнадзор»-мрэ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэмрэ.**

ЗЫУЭ щыт къэрал экзаменхэр 2020 гъэм тІууэ зэщхьэщыхауэ екІуэкІынущ: пІалъэ нэхъыщхьэм ятхэр, нэхъыщхьэм дыщІагъуу ятхэр. ПІалъэ нэхъыщхьэм къызэщІеубыдэ бадзэуэгъуэм и 3-м къыщыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм и 25-м нэс яку дэлъ зэманыр. Илъэс блэкІахэми хуэдэу, 2020 гъэм ятыну къэрал къэпщытэныгъэхэм я пІалъэр щаубзыхум, дэфтэрым хагъэхьащ ныбжьыщІэхэр щхьэусыгъуэ хэхакІэ зримыхьэлІэфа экзамен гуэрхэр щатыжыфыну махуэхэри. Нэхъыщхьэм дыщІагъуу ятыну а экзаменхэр шыщхьэуІум и 3 - 8-хэм къриубыдэу зэфІэкІынущ.

Бадзэуэгъуэм и 3-м ныбжьыщІэхэм япэу ятынущ географиемкІэ, литературэмкІэ, информатикэмрэ ИКТ-мкІэ экзаменхэр. Абыхэм къакІэлъыкІуэнущ урысыбзэмкІэ (бадзэуэгъуэм и 6 - 7-хэм), математикэмкІэ (бадзэуэгъуэм и 10-м), тхыдэмрэ физикэмкІэ (бадзэуэгъуэм и 13-м), обществознаниемрэ химиемкІэ (бадзэуэгъуэм и 16-м), хамэ къэралыбзэхэмкІэ: инджылызыбзэмкІэ, франджыбзэмкІэ, нэмыцэбзэмкІэ, испаныбзэмкІэ, китаибзэмкІэ (зэщхьэщыхауэ: тхэныр - бадзэуэгъуэм и 20-м, жьэрыІуатэр - бадзэуэгъуэм и 22 - 23-хэм), биологиемкІэ (бадзэуэгъуэм и 20-м) экзаменхэр.

УФ-м и щІыналъэ псоми яІэрыхьакІэщ къэпщытэныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр къызыхуэтыншэу егъэкІуэкІынымрэ ятеухуа чэнджэщхэр зэрыт тхылъхэр. «Роспотребнадзор»-м зэригъэув хабзэм тету, экзаменхэр къэралым и щІыналъэ псоми зы махуэм щекІуэкІынущ. А хабзэхэм япкъ иткІэ, экзаменхэр щекІуэкІыну пэшхэм иджы нэхъ мащІэщ школакІуэу щІэсынур, ягъэува санитар мардэхэм изагъэу. Къапщтэмэ, ди республикэм къыщызэрагъэпэщакІэщ экзаменхэм хэтыну ныбжьыщІэхэм иратыну къэзыхъумэ хьэпшыпхэр (нэкІуІупхъуэхэр, Іэлъэхэр, н. къ.). А Іуэхугъуэм щытепсэлъыхьым, КъБР-м цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор жиІащ псом нэхърэ нэхъыщхьэ дыдэу мы зэманым къалъытэр цІыхухэм я узыншагъэр хъумэныр зэрыарар. Абы ехьэлІа лэжьыгъэхэм ящыщщ ЕГЭ-р къызэзыгъэпэщынухэр, пэшхэм щІэтынухэм я узыншагъэр къызэрапщытар, экзаменхэр щекІуэкІыну щІыпІэхэр къызыхуэтыншэу Іуэхум зэрыхуагъэхьэзырар.

Ди республикэм ЕГЭ-р щекІуэкІынущ щІыпІэ 27-м. Псори зэхэту къэпщытэныгъэхэм хэтынущ ныбжьыщІэ 3045-рэ. НыбжьыщІэхэр нэхъыбэ дыдэу зэкІуэлІэну урысыбзэмкІэ экзаменыр махуитІкІэ зэщхьэщыхауэ ятыну хуит къызэращІам папщІэ, къэпщытэныгъэхэр щекІуэкІыну пунктыщІэхэр къызэІуамыхми хъуну къалъытащ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

**Мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2020 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.**

**Иджыпсту щыІэ щытыкІэм ипкъ иткІэ, цІыхухэм Іэмал яІэщ поштхэм мыкІуэу, я унэ щІэсыжу газетхэм Іэ традзэну - Урысейм и Поштым и сайтым иІэ podpiska.pochta.ru жыхуиІэмкІэ апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр зэфІагъэкІыфынущ, къэралым къыщыдэкІ газет, журнал минитхум ящыщ дэтхэнэ зыми Іэ трырагъэдзэнущ. Іуэхутхьэбзэр тэмэму зэтеухуауэ щытщи, дэнэ щІыпІэ щыпсэуми апхуэдэ щІыкІэкІэ Іэ традзэфынущ нэхъ дэзыхьэх къыдэкІыгъуэхэм.**

**«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 696-рэ кІэпІейкІэ 30-рэщ.**

**Ди индексыр П 5894**

● Мэкъумэш IэнатIэ

# Нэгъабэрейм йофIэкI

**Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий иджыблагъэ иригъэкIуэкIа и зи чэзу зэIущIэм щыхэплъащ социальнэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мэкъумэш продукцэмрэ ерыскъымрэ я IуэхукIэ ди къэралым щыщыIэ щытыкIэм кIэлъыплъынымкIэ къызэрагъэпэщауэ щыта оперативнэ штабым и лэжьыгъэр зыхуэдэм.**

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ федеральнэ властым и гъэзэщIакIуэ органхэм къулыкъу щызыщIэхэр, УФ-м и мэкъумэш-промышленнэ комплексым и щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэр, зи гугъу тщIы унэтIыныгъэм телажьэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэралым и ахъшэ хъумапIэ нэхъ ин дыдэхэмрэ я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, Патрушевым къыхигъэщащ, дызэрыт зэманым ирихьэлIэу, Урысей Федерацэм гъавэ щытращIэ и щIыгум и нэхъыбапIэм вэн-сэныр зэрыщызэфIагъэкIар, уеблэмэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэмрэ, зэрыщыту къатщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэмрэ къыщагъэхъуа къэкIыгъэхэр Iухыжын зэрыщыщIадзар.

Зэхыхьэм и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн. Республикэм и АПК-м и Iуэху зыIутым ехьэлIауэ къыщыпсалъэм, абы жиIащ ди щIыналъэм гъатхэ лэжьыгъэхэр зэрыщызэфIагъэкIар, теплицэхэм къыщагъэхъу помидорхэр, нащэхэр, къэбыстэр и гуащIэгъуэ дыдэу къызэрыщрахьэлIэжыр, унагъуэ хадэхэм, псы зыщIагъэлъадэ губгъуэхэм щIымэракIуэр, джэш хъурейр, балий Iэрысэр зэрыщыIуахыжыр, хадэхэкIым и нэхъыбэм щIымахуэ шхын къызэрыхащIыкIыр, уеблэмэ, консервхэр щагъэхьэзыру республикэм иIэ заводи 6-м къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэу тонн мини 4,5-м щIигъу продукцэм мы зэманым ирихьэлIэу зэрыщелэжьыжар, ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм тхузэфIэкIам нэхърэ проценти 180-кIэ зэрынэхъыбэр.

Видеоконференц щIыкIэу екIуэкIа зэIущIэм и кIэм федеральнэ министрым фIыщIэ яхуищIащ абы хэта псоми: мэкъумэш лэжьыгъэр хьэлэлу зыгъэзащIэ IэщIагъэлIхэм, АПК-м и федеральнэ IуэхущIапIэм и щIыналъэ къудамэхэм жэуаплыныгъэ ин яхэлъу къулыкъу щызыщIэхэм, зэман зызыхъуэжым унафэ зэпэшэча къызыщтэф унафэщI Iэзэхэм, нэгъуэщIхэми.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

# Хъыбар нэпцIхэм ятеухуауэ



**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм «Зи щхьэ хущыт жылагъуэ мониторинг» зэгухьэныгъэр и гъусэу видеоконференц жыпхъэм иту иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуа IэIэтым ехьэлIауэ зэбграгъэкI хъыбар нэпцIхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ.**

АIУЭХУМ кърагъэблэгъат щIыналъэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр, профсоюз зэгухьэныгъэхэмрэ политикэ партхэмрэ я лIыкIуэхэр, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIыр, волонтёрхэр, журналистхэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Берд Хьэзрэталий** жиIащ: «УФ-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм икъукIэ гулъытэшхуэ щигъуэтащ Урысейм и жылагъуэ-политикэ гъащIэм. Ауэ абы къыщыгъэлъэгъуахэм я сэбэпынагъым мыхьэнэ зэриIэм зэрытепсэлъыхьым къыдэкIуэу, хъыбар нэпцI куэди зэбграгъэкIащ. Абы и щхьэусыгъуэр Iуэхум и пэжыпIэм зэрыщымыгъуазэрщ, язынықъуэхэм дежи зэрыщIауфэрщ», - жиIащ Бердым.

«Жылагъуэ мониторинг щхьэхуит» зэгухьэныгъэм и унафэщI **Лукаш Антон** тепсэлъыхьащ нэхъыбэрэ зэбграгъэкI хъыбар нэпцIхэм. Абыхэм ящыщщ IэIэтыр зэIухауэ ирамыгъэкIуэкIын мурад яIэу къэрал унафэщIхэм цIыхухэм я хуитыныгъэхэр ягъэмащIэ хуэдэу зэрагъэIур. Апхуэдэ хьэгъэщагъэхэм я лъабжьэр УФ-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я фIагъыр цIыхум я фIэщ ирамыгъэщIынырщ. Къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэм гулъытэ ин щызыгъуэт лъапIэныгъэхэр - цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI хъуным, унагъуэхэм защIэгъэкъуэным, нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ абы къыщыгъэлъэгъуахэр - лъэныкъуэ ирагъэзри, зи гугъу ящIыр президентыр тетыну щыхуит пIалъэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэну иужь зэрит закъуэрщ. Апхуэдэ хъыбар нэпцIхэр зэбгрызыгъэкI гуп щхьэхуэ къэунэхуащ - Урысейр пандемием пэмылъэщыну, абы къыхэкIыу IэIэтыр шынагъуэншэу къызэрамыгъэпэщыфын хуэдэу къэрал псом хэIущIыIу щащIыныр я щхьэусыгъуэу. А псори зыхуэунэтIар IэIэтыр щекIуэкI махуэхэм цIыхухэм я узыншагъэр хъума хъуным шэч къытрырагъэхьэнырщ.

- Апхуэдэ хъыбар нэпцIхэм мызэмытIэу дрихьэлIащ икIи хъыбарегъащIэм епхауэ лажьэ ди IэщIагъэлIхэр щхьэхуэу хуеджащ абы зэрыпэщIэтыну Iэмалхэм. УФ-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуауэ мэкъуауэгъуэм и 25-м къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ екIуэкIыну урысейпсо IэIэтым зыри зэран хуэмыхъун щхьэкIэ жылагъуэ IуэхущIапIэ псори дызэкъуэувэн хуейщ, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюз IуэхущIапIэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Амщыкъуэ ФатIимэт**.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Токъу Руслан** къыхигъэщащ зэхъуэкIыныгъэ 40-м хуэдиз къагъэлъэгъуауэ зэрыщытар, абы щыщу 13-р къызэращтар. «Мы Iуэхум и мыхьэнэр зыхэтщIэу лэжьыгъэм дэри дыкъыхыхьащ. Иджы ди къалэныр жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэр къызэдгъэпэщынырщ», - жиIащ абы.

«КъБР-м волонтёр Iуэхум зыщезыгъэужь щIыналъэ центр» зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Алексейчик Татьянэ** жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр жыджэру зэрыхэтыр «Конституцэм и волонтёрхэр» урысейпсо хъыбарегъащIэ Iуэхум. Ахэр хущIокъу Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэдэм цIыхухэр нэхъ кууу хагъэгъуэзэну.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым, Берд Хьэзрэталий къыхигъэщащ цIыхухэр хъыбар нэпцIхэм щахъумэн папщIэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ социальнэ сетхэмрэ къагъэсэбэпын зэрыхуейр, республикэм щызэхэт политикэ партхэм, жылагъуэ, профсоюз IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ абы и лъэныкъуэкIэ бэм зэрадэлэжьапхъэр.

- УФ-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуа IэIэтыр политикэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэшхуэщ, къэкIуэну зэманым къэралым игъуэтыну псэукIэр зыхуэдэр и лъабжьэу, - дыщIигъуащ Бердым.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

● КъБР-м коронавирусым кIэлъыплъынымкIэ и Оперативнэ штабым къет

## 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м ирихьэлIэу

Узыр япкърытрэ япкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 83.499-рэ

Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 4791-рэ

Иужьрей жэщ-махуэм кърибубыдэу къахутахэр - 65-рэ

Сымаджэщхэм щIэлъхэр - 1354-рэ

Реанимацэм щIэлъхэр - 60

Хъужахэр - 3037-рэ

Вирусым и зэранкIэ дунейм ехыжахэр - 50

Я унэхэм щIэсу зыкIэлъыплъхэр - 1509-рэ

Амбулаторнэу ягъэхъужхэр - 1572-рэ

# ЛэжьапIэншэхэм зэрызыщIагъакъуэр

**КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм цIыхухэм яхуеIуатэ Урысей Федерацэм и Правительствэм 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м къыдигъэкIа «УФ-м и Правительствэм лэжьапIэншэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ и акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» унафэм ипкъ иткIэ цIыхухэм зэрадэIэпыкъуну Iэмалхэр.**

АПХУЭДЭУ 2020 гъэм и накъыгъэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм зэрылэжьапIэншэм щхьэкIэ цIыхум хуагъэувауэ ират сом мини 4-рэ 500-м нэс.

Псалъэм папщIэ, 2020 гъэм гъатхэпэм и 10-м цIыхур лэжьапIэншэу къалъытэри, мазэм сом 1500-кIэ зыщIагъэкъуэну хуатхащ (гъатхэпэм и 10-м къыщыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 9 пщIондэ). УФ-м и Правительствэм и унафэ №844-м къару игъуэтмэ, лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ IуэхущIапIэм лэжьапIэншэм зэрызыщIигъакъуэ ахъшэр накъыгъэм и 1-м щегъэжьауэ мэкъуауэгъуэм и 9-м нэс сом 4500-рэ хуагъэувынущ. ЩIэрыщIэу къабжыжынущ нэхъ и пэкIэ ята ахъшэр.

Гъатхэпэм и 1-м и ужькIэ зи лэжьыгъэр къэзыгъэувыIа хьэрычэтыщIэхэм зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр зытращIыхь пIалъэм къриубыдэу сом 12130-рэ мэхъу.

Псалъэм папщIэ, хьэрычэтыщIэр лэжьапIэншэ зэрыхъуар 2020 гъэм гъатхэпэм и 10-м къалъытащ икIи гъатхэпэм и 10-м къыщыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 9 пщIондэ мазэ къэс сом 1500-рэ иратыну хуагъэуващ. ИщхьэкIэ зэрыщыжытIауэ, УФ-м и Правительствэм и унафэ №844-м къару игъуэтмэ, мэкъуауэгъуэм и 13-м щегъэжьауэ абы зэрыдэIэпыкъуну пIалъэм мази 3 хущIагъунущ, мазэм сом мин 4500-рэ хуэзэу ирату.

ХьэрычэтыщIэр зэрылэжьапIэншэр 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м ятхамэ, мэкъуауэгъуэм и 13-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 3 пщIондэ абы сом 12130-кIэ зыщIагъэкъуэнущ. ДэIэпыкъуныгъэр зэрат пIалъэр нэхъ кIыхь ящIынущ бадзэуэгъуэм и 4-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ.

Мэкъуауэгъуэм щегъэжьауэ шыщхьэуIу пщIондэ сом мини 3 зыхагъэхъуа социальнэ дэIэпыкъуныгъэр зыгъуэтыну лэжьапIэншэхэм хиубыдэхэр нэхъыбэ ящIащ. Апхуэдэ ахъшэр яIэрыхьэнущ хабзэм тету лэжьапIэншэу къалъыта, илъэс 18 мыхъуа сабий зиIэхэм. Абы хиубыдэр зэгурыIуэныгъэкIэ IэнатIэ Iутахэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэщ. Илъэс 18 мыхъуа сабий яIэу я IэнатIэм гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ IуагъэкIахэм мэкъуауэгъуэ мазэм ейуэ а дэIэпыкъуныгъэр зэ иратынущ.

ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэу защIэгъэкъуэнымкIэ IуэхущIапIэм и учетым щыт лэжьапIэншэхэм зэрызыщIагъакъуэ я пIалъэр гъатхэпэм и 1-м и ужькIэ иухамэ, УФ-м и Правительствэм и унафэ №844-м къару щигъуэта махуэм щегъэжьауэ абыхэм щIэрыщIэу аргуэру мазищ (2020 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м нэхърэ мынэхъ кIасэу) хущIагъу.

Псалъэм папщIэ, цIыхур лэжьапIэншэу къалъытащ 2020 гъэм гъатхэпэм и 10-м (гъатхэпэм и 1-м къыщыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэ пщIондэ зы мазэм сом 1500-рэ ирату). ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа унафэм къару игъуэта нэужь, лэжьапIэншэм зэрызыщIагъакъуэ а ахъшэр накъыгъэм и 1-м къыщыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 9 пщIондэ сом 4500-рэ хъуауэ иратыпхъэщ.

ХьэрычэтыщIэр лэжьапIэншэу накъыгъэм и 10-м къалъытамэ (мазэм сом 1500-рэ къиху), УФ-м и Правительствэм и унафэм къару игъуэтмэ, накъыгъэм и 10-м щегъэжьауэ мэкъуауэгъуэм и 12-м нэсыху абы иратынущ сом 4500-рэ, мэкъуауэгъуэм и 13-м къыщыщIэдзауэ шыщхьэуIум и 9 пщIондэ - сом 12130-рэ. Сом мин 12130-рэ хъу дэIэпыкъуныгъэр зэратыну пIалъэм пащэ шыщхьэуIум и 10-м къыщыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ.

75



● Жыжьэ - гъунэгъу

# ЗауэлIым и уэсятыр

**Дуней псом мы гъэм щагъэлъапIэ илъэсиплIым нэблагъэкIэ екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэ телъыджэр, ар зэриухрэ илъэс 75-рэ щрикъу махуэр.**

ЦIЫХУПСЭУ абы щIатам, мылъкуу текIуэдам, къалэрэ жылэу зэтракъутамрэ зэтрагъэсхьамрэ ятепщIыхьмэ, а зауае гущIэгъуншэм хуэдэ цIыху тхыдэм зэи къыщыхъуакъым. Зы цIыху ныбжьым хуэдиз блэкIами, ноби абы и лъэужь лъыкIэ гъэнщIар гъущыжакъым, гуIэгъуэрэ гузэвэгъуэу къахуихьар зы махуи ягу ихуакъым, къатехьа лейр яхуегъэхыркъым. ЦIыху мелуан 27-рэ щхьэузыхь абы хуэзыщIа ди къэралышхуэм искъым Iэ гущIэгъуншэкIэ а зауаер зыхэмыIэба, зи Iыхьлы-лыджанэ зыфIэмыкIуэда унагъуэ.

А псом ищIыIужкIи, къэпщытэжыгъуафIэкъым гъуэгу тэмэм теува, зызыужьу щIэзыдза къудей Урысей лъэпкъ цIыкIухэм я литературэмрэ гъуазджэмрэ пхуэмыгъэзэкIуэжын хэщIыныгъэу а сэрмэлыч шынагъуэм къахуихьар. Абыхэм я усакIуэ-тхакIуэ телъыджэ Iэджэм я псэр хэку щхьэхуитыныгъэм щхьэузыхь зэрыхуащIам, дяпэкIи лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ хьэлэмэтхэр абыхэм хуащIыфыну зэрыщытам я гугъу умыщIми, бэлыхь мыухыжым дыхэзыдза а лъыгъажэм и зэранкIэ тфIэкIуэдащ абыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ куэд. Лъэпкъ литературэм а псэзэпылъхьэпIэ илъэсхэм игъуэта хэщIыныгъэхэм ящыщу къэгъэлъэгъуапхъэщ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым нэхърэ нэхъыфI хъуауэ езы усакIуэ дыдэм къилъытэжа «Къызбрун» драмэр, илъэсищым итха и усэхэр зауэ IэнатIэм уIэгъэ хьэлъэ щыщыхъуам ЩоджэнцIыкIу Iэдэм зэрыфIэкIуэдар, Шортэн Аскэрбий и пьесэ зи цIэ дыдэр дымыщIэр ди деж къызэрымысар.

Ауэ илъэс куэд дэкIами, лъэпкъ усакIуэ зырызхэм я тхыгъэ дызыщымыгъуазэхэр къыщыкъуэкIыж щыIэщ. Зауэ илъэсхэм ятха апхуэдэ зы усэ иджыблагъэ къыщыдгъуэтыжащ Теунэ Хьэчим и архивым. Нобэр къыздэсым, зэрыгурыIуэгъуэщи, абы зыри щыгъуазэкъым, зэи къыдэкIакъым, унапIэ хуэхъуа хъумапIэм дяпэкIи щIэлъ нэхърэ, лъэпкъым и цIыхухэм ТекIуэныгъэшхуэр ехьэжьауэ щыдгъэлъапIэ мы махуэхэм щыгъуазэ тщIымэ нэхъ къезэгъыу къэтлъытауэ аращ ар щIытредгъадзэр.

ТхакIуэм и тхылъымпIэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ар КъуэдзокъуэАнатолэ и IэдакъэщIэкIщ, псалъащхьэ иIэкъым, дэнэ кърихами щыгъэбелджылакъым. И щхьэ кърикIуар итхыжами езыр зауэм хэкIуэдами дыщыгъуазэкъым. Ар щызэхэдгъэкIыфынур къызыхэкIа лъэпкъым и нэхъыжь махуэхэм ар къахуэцIыхужмэщ. Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэу щыIа лъэпкъ усэ гъэпсыкIэм и мардэхэм зыкъомкIэ къитIасэ щхьэкIэ, шэчыншэу, лъэпкъ IуэрыIуатэми абы пыщIэныгъэ хуиIэщ. Усэр щахъумэри къыщыдгъуэтари Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал музейрщ.

**Акопэжьу сызэрысым**
**Письмо нэстхыр нызотхыкI,**
**Письмо нэстхыр фIэрымыхьэурэ**
**ЩIы фIыцIэжьым сыщIыхьащ.**

**Шыгъуабжэжьуэрэ сызытесыр**
**Мащэ бжьэпэм къыщощыщ,**
**Фащэ дахэу збгъэдэлъар**
**Сэ хэт мыгъуэм збгъэдиха?**

**Шэ шыуаныр къыщискIутым**
**Шэр къыптихуэ къызжепIат,**
**Шэ фIыцIэжьыр къыщыстехуэм**
**ЖыпIа гыбзэр сигу къэкIащ.**

**Си щхьэгъусэурэ ФатIимэтыр**
**ЛIы удэмыкIуэу ущымыс,**
**ДэнкIэ укIуэми си Алешэр**
**Си фэеплъуэрэ зыщIыгъэгъу.**

**Си шыпхъу закъуэу Шэриззт,**
**Гукъеяуэуэ уигу сигъэлъ,**
**Ди къуажэкхъэм сыщIэлъамэ,**
**УблэкIыхукIэ уеплъэкIынт.**

**ПЭЖ Андемыркъан.**

# Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 27, *щэбэт*

♦**Бдзэжьей ещэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэщ**
♦**Осетие Ипщэм и щIалэгъуалэм я махуэщ**
♦**Таджикистаным и лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**
♦**Узбекистаным щагъэлъапIэ печатымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр**
♦**Туркменистаным щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр щагъэлъапIэ**
♦**1709 гъэм** Пётр Езанэм дзэм и советыр зэхуишэсри унафэ ищIащ шведхэм Полтавэ деж лIэнкъэнэну щапэщIэтыну. А зауэм, зэрытщIэщи, урысеидзэр щытекIуащ.
♦**1754 гъэм** Урысейм и императрицэ Елизаветэ Пётр и пхъур арэзы техъуащ ЩIымахуэ уардэунэм и проектым, Италием щыщ архитектор Растрелли игъэхьэзырам.
♦**1834 гъэм** Киев университет къыщызэIуахащ.
♦**1865 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщ гъуэгу зэпыщIэныгъэхэмкIэ министерствэ.
♦**1905 гъэм** «Потёмкин» кхъухьым къулыкъу щызыщIэхэм зыкъаIэтащ.
♦**1910 гъэм** III Къэрал Думэм къищтащ Министрхэм я советым и унафэщI Столыпин Пётр мэкъумэш IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIыным теухуауэ къыхилъхьа законыр.
♦**1919 гъэм** Япэ дунейпсо зауэр зэриухам теухуа зэгурыIуэныгъэм Версаль Iэ щытрадзащ.
♦**1979 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр ягъэуващ.
Совет актёр цIэрыIуэ, композитор, Урысейм и цIыхубэ артист **Хмельницкий Борис** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦Урысей политик, философие щIэныгъэхэм я кандидат **Юшенков Сергей** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.
♦Урысей композитор, продюсер, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Дробыш Виктор** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.
♦Урысей уэрэджыIакIуэ, Тэтэрстаным и цIыхубэ артисткэ, «Евровидение» зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа **Алсу** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 28, *тхьэмахуэ*

♦**Адыгэ Республикэм и къэрал суверенитетым теухуа Декларацэр къыщащта махуэщ**
♦**Белоруссием и щIалэгъуалэм я махуэщ**
♦**Украинэм и Конституцэм и махуэщ**. 1996 гъэм Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм зы жэщым кърубыдэу къищтауэ щытащ къэралым и КонституцэщIэр.
♦**Къэзахъстаным щагъэлъапIэ связымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр**
♦**1779 гъэм** пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм къыдигъэкIащ Москва псы зэрыкIуэ бжьамийхэр укъуэдииным теухуа унафэ. А лэжьыгъэр илъэс 25-кIэ екIуэкIащ.
♦**1912 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщыжащ зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я къулыкъухэр. А IуэхущIапIэр 1889 гъэм зэхуащIыжауэ щытат.
♦**1919 гъэм** Франджым щыIэ Версаль уардэунэм Iэ щытрадзащ Япэ дунейпсо зауэр зэриухам щыхьэт техъуэ дэфтэр нэхъыщхьэм - мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэм.
♦**1919 гъэм** Лъэпкъхэм я Лигэ къызэрагъэпэщащ.
♦**1933 гъэм** Москва щыщIадзащ абы цыджанхэр дэгъэIэпхъукIыным пыщIа Iуэхум. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, къалащхьэм дашауэ щытащ а лъэпкъым щыщ цIыху 5470-рэ.
♦**1941 гъэм** нэмыцэ-фашистыдзэхэм Белоруссием и къалащхьэ Минск яубыдащ. Ар бийм иIыгъащ 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 3 пщIондэ.
♦**1944 гъэм** фашистхэм къыIэщIагъэкIыжащ Петрозаводск къалэр - а зэманым Карело-Фин ССР-ру щытам и щыхьэрыр.
♦**1946 гъэм** Горький къалэм дэт заводым къыщыщIагъэкIыу щIадзащ ГАЗ М-20 «Победа» автомобиль псынщIэр.
♦**1948 гъэм** Архитекторхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1991 гъэм** Будапешт щекIуэкIа зэIущIэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ зэбграутIыпщыкIыжащ ЭкономикэмкIэ щызэдэлэжьэнымкIэ советыр (СЭВ), 1949 гъэм къыщыщIэдзауэ лэжьар.
♦Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа адыгэлI **Хьэшыр Чылар** къызэралъхурэ илъэс 222-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, щIэныгъэлI, генеалогиемкIэ дунейпсо академиеми (Париж) ЩIДАА-ми я член-корреспондент **Махъсидэ Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, журналист, режиссёр, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Бодров Сергей** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр, режиссёр, усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Панкратов-Черный Александр** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Совет спортсмен, Олимп Джэгухэм лыжэкIэ къызэдэжэнымкIэ плIэнейрэ я чемпион хъуа, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Зимятов Николай** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Урысей спортсменкэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, художественнэ гимнастикэ спорт лIэужьыгъуэм щIыхь зиIэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа **Утяшевэ Ляйсан** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 18-рэ щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 29, *блыщхьэ*

♦**Тропикхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Дунай псым и махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ партизанхэмрэ тылым щэхуу щылэжьахэмрэ я махуэр**
♦**Урысей кхъухьухуэм и махуэщ**
♦**1776 гъэм** иджырей Сан-Францискэ (США) къалэр зыхуэзэ щIыпIэ нэщIыр псэупIэ ящIауэ щытащ испанхэм.
♦**1855 гъэм** Лондон къыщыдэкIащ «Дейли Телеграф» газетым и япэ номерыр.
♦**1900 гъэм** Одессэ щэхуу щекIуэкIащ студентхэм я урысейпсо съезд.
♦**1916 гъэм** уэгум япэу ихьащ «Боинг» компанием и кхъухьлъатэр.
♦**1940 гъэм** Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Театральнэ институтыр адыгэ, балъкъэр студиехэм щеджахэм къаухащ.
♦**1958 гъэм** Бразилиер футболымкIэ дунейпсо чемпион япэу хъуащ. Псори зэхэту ар дунейм и чемпион тхуэнейрэ хъуащ. Апхуэдэ зыхузэфIэкIар а къэралым и футболистхэм я закъуэщ.
♦**1957 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Пленумым унафэ къыщащтащ партым и бийуэ къалъыта гупыр - Молотовыр, Маленковыр, Кагановичыр, нэгъуэщIхэри - я къулыкъум тегъэкIыным теухуауэ. Къуаншагъэу абыхэм ялэжьар Хрущёв Никитэ и Iуэху еплъыкIэр дамыIыгъыу къызэрыуварт.
♦**1964 гъэм** къагупсысащ цIыхур къэмытэджу телевизорыр езыр зыхуей каналым зэрытриухуэ Iэмэпсымэр - пультыр.
♦**1976 гъэм** Сейшелы хытIыгухэр къэрал щхьэхуит хъуащ.
♦**1984 гъэм** Минск метром и япэ Iыхьэр лажьэу яутIыпщащ.
♦**1995 гъэм** Москва и къалэ Думэм къэралым и щыхьэрым и уставыр къищтащ.
♦**2010 гъэм** УФ-м и Суд нэхъыщхьэм унафэ къищтащ «Славянский союз» жылагъуэ-политикэ зэгухьэныгъэр лэжьэну хуит зэримыщIым теухуа унафэр. И щхьэусыгъуэр - абы экстремист мурадхэр зэриIэрщ.
♦Франджы тхакIуэ **Антуан де Сент-Экзюпери** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Балъкъэр Юрий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Тыркумэным и президент **Бердымухамедов Гурбангулы** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
♦Урысей актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Машная Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЖьантIэм ущIэмыкъу - пхуэфащэмэ, къыплъысынщ.**

# Хэкупсэ нэс Абеикъуэ Шухьэиб

● Хъуэхъу

**Адыгэ лъэпкъым и нэхъыжьыфIхэм ящыщ, Бахъсэн къалэм щыпсэу Абеикъуэ Шухьэиб Мизан и къуэм и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 84-рэ ирикъуащ.**



ИЛЪЭС 48-рэ мэхъу ар адэжь щIыналъэм къызэрыIэпхъуэжри, Хэкум къэзышэж гъуэгум къызэрытехьэжам щымыгуфIыкIыу зы махуи псэуакъым. И адэшхуэр зыдэкIа Ислъэмей къуажэм пэмыжыжьэу зэрыщетIысэхыжам и лъэр нэхъри жан ищIу, адыгэ щIыналъэм и хьэуам и гум щызу ирибауэу, зыхэт цIыхубэм яхуэбзэIэфIу, лъэпкъым хъуэхъур хуиIэту мэпсэу Шухьэиб. Хэкупсэ нэс зыхужаIэхэр абы хуэдэхэращ - и псэр, и гур хэкум епхащ, Iэмалу иIэмкIи ар егъэлъапIэ.

И насып кърихьэкIри, гъащIэм и фIыгъуэ куэд илъэгъуащ Абеикъуэм. Абыхэм я нэхъыфIхэм ящыщщ Шухьэиб и бынхэм, абыхэм я щIэблэхэм я быныжхэр зэрилъэгъуар, адыгэм и щIыхьыр яIэту ахэр гъащIэм зэрыхэтыр.

Дызэрыгушхуэ, пщIэшхуэ зыхуэтщI нэхъыжь Iумахуэм ди гуапэу дохъуэхъу дяпэкIи узыншэу и унагъуэм ящхьэщытыну, и гур хэзыгъэхъуэн гуфIэгъуэ куэд зыхищIэу псэуну.

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**, *Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*
**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**, *Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

# Ислъамым и нур



Зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэщ

## Джихьадыр зищIысыр

***Ди газетым и щIэджыкIакIуэхэр зэрылъэIуам ипкъ иткIэ, нэхъ ипэIуэкIэ дызытепсэлъыхьауэ щыта, «Джихьадым» теухуа тхыгъэм иджыри зэ къытыдогъэзэж.***

***Нобэ ар нэхъ гъэкIэщIауэ фи пащхьэ идолъхьэ.***

ДЖИХЬАД псалъэр хьэрыпыбзэм щыщщ. Абы и мыхьэнэр «къару ехьэлIэн» жиIэу аращ. «Алыхьым папщIэ джихьад» (Джихьад фи сэбилиллахь) жиIэмэ, и мыхьэнэр «къарууэ уиIэр къэгъэсэбэп, Алыхьым и закъуэныгъэм зебгъэубгъун папщIэ» жиIэу аращ. Ауэ щыхъукIи, абы къикIыркъым Iэщэ къапщтэу утыку уихьэн хуейуэ. Ар ислъам диным игъэхьэрэмащ. КъурIэн лъапIэми хьэдисми къыщыкIуащ диным залымыгъэ зэрыхэмылъыр. Дэ ди къалэныр Алыхьым и псалъэм зедгъэубгъунращ, ауэ щыхъукIи, цIыхур езыр хуитщ а къыхуеджэныгъэхэм едэIуэнуми емыдэIуэнуми.

ЦIыхубэр ислъам диным къыхураджэну хуитыныгъэ зиIэр ислъам динымкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэращ, апхуэмыдэмэ, цIыхур щIэх дыдэу бгъэунэхъуфынущ.

Джихьадым ехьэлIауэ КъурIэн лъапIэм къыщыкIуа Iэятхэмрэ хьэдисхэмрэ я мыхьэнэр нэхъ Iупщ Iу зэпкърыхауэ и къалэмыпэ къыщIэкIащ Рэмэдан БутIи (жэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ).

Рэмэдан БутIи дуней псом щыцIэрыIуэщ. Абы къиухащ Мысырым щыIэ «Аль Азхьэр» дунейпсо ислъам университетыр. ИужькIэ Дамаск дэт къэрал университетым ислъам динымкIэ и факультетым и декану лэжьащ. Дуней псом щыцIэрыIуэ Оксфорд университетым и Совет нэхъыщхьэм хэтащ, дин щIэныгъэлIхэм я зэгухьэныгъэм и Президенту щытащ.

Джихьадыр зыбжанэу зэхедз. Псом япэр Алыхьым и цIэр Iэтыныр, Абы и закъуэныгъэм къыхуеджэнырщ, ислъам диныр хъумэнырщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ислъам диным къыхуеджэнращ. Ауэ щыхъукIи, ислъам динымкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэмылъым абы къыхуриджэныр Тхьэм игъэхьэрэмащ. Абы теухуауэ КъурIэным Iэятхэр къыщыкIуащ диным хэмылъ хэзылъхьэми, хэлъыр хэзыхми жыхьэнмэр къызэрилэжьынум теухуауэ.

Джихьадыр ялэжь псалъэкIи, лэжьыгъэкIи, лIыгъэкIи (ужьрейуэ лIыгъэкIэ жыхуиIэр нэгъуэщI зыри хэкIыпIэ щыщымыIэм дежщ къыщагъэсэбэпыр).

### Псалъэкlэ джихьадыр

ПСАЛЪЭКIЭ джихьадым и мыхьэнэр ислъам диным къыхуеджэнращ. Абы къыхуезыджэну хуитыныгъэ зиIэр абыкIэ щIэныгъэ нэс зыбгъэдэлъращ. Ислъам дин щIэныгъэ зээзыгъэгъуэтам и къалэн нэхъыщхьэщ и щIэныгъэмкIэ адрейхэм ядэгуэшэныр, армырамэ, Алыхьым и пащхьэ жэуап щихьынущ. Абы щыгъуэми, зыщигъэгъупщэ хъунукъым Алыхьым и псалъэу КъурIэным къыщыкIуар: ***«Диным залымыгъэ хэлъкъым»*** жыхуиIэ Iэятыр. (Бэкъэрэ сурэм и 256-нэ Iэятыр).

ЛIыкIуэ лъапIэми и хьэдисхэм къыщыкIуащ диным залымыгъэ зэрыхэмылъыр. Езы Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) цIыхубэр ислъам диным къыщыхуриджэм зэи зыми залымыгъэ ярихакъым, атIэ, Алыхьым къалэн къызэрыщищIам тету, дахэ защIэкIэ, езым и щапхъэ защIэкIэ ислъам диным къригъэхьэу щытауэ аращ. Абы теухуауэ щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) Мэчэм дэту здэкIуэм, ар IущIащ хьэлъэ зыIыгъ фызыжьым. Абы иIыгъ хьэлъэр къыIихауэ хуихьырт ЛIыкIуэ лъапIэм. Гъуэгуанэ къапэщылъыр кIыхьт. Фызыжьыр хуабжьу псэлъэрейт. ЖиIэри зыт: ЛIыкIуэ лъапIэр иубу арат. «Абдулахь и къуэ Мухьэмэд къыщыунэхуам дыунэхъуат! Угъурлыкъым ар! - жиIэрт. Ауэ щыхъукIи, ЛIыкIуэ лъапIэм зы псалъи жриIакъым фызыжьым. Хьэлъэр и унэм хуихьыжщ, и бжэIупэм деж хуигъэувыжри, псалъэ дахэ жриIауэ къыщыIукIыжым, фызыжьыр къыкIэлъыджащ.

- Уа, щIалэ ухэт уэ? Уи цIэри хэт?

- Си цIэр Мухьэмэдщ. Абдулахь срикъуэщ, - щабэу жиIащ ЛIыкIуэ лъапIэм.

Бегъымбарым хэлъ шыIэныгъэмрэ абы и зэпIэзэрытагъымрэ зи нэгу щIэкIа фызыжьым илъэгъуар апхуэдизкIэ и гум хыхьати, «Iэшхьэду Iэннэ лаIилахьэIилэлахь, Мухьэмэд расулулахь» (Сэ щыхьэт сытохъуэ Алыхьым фIэкIа нэгъуэщI Тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэмэд Алыхьым зэрилIыкIуэм) псалъэхэр жиIащ. Мис апхуэдэурэщ ЛIыкIуэ лъапIэр цIыхубэм къазэрыдекIуэкIыу щытар.

### Лэжьыгъэкlэ джихьадыр

АР ислъам диным зиубгъун папщIэ гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIыу пхузэфIэкIыр блэжьынращ. Псалъэм и хьэтыркIэ, дин щIэныгъэ зээзыгъэгъуэтыну гъуэгуанэ техьахэм, е ислъам диным зегъэубгъуным телажьэхэм мылъкукIэ защIэгъэкъуэныр.

### Лlыгъэкlэ джихьадыр

ЛIЫГЪЭКIЭ джихьад жыхуэтIэр тIууэ егуэш:

***Япэр:*** Муслъымэнхэм я щIыпIэ къихьэу къатеуэну (муслъымэнхэр зэтраукIэну) мурад зэращIам ущыгъуазэмэ (ауэ абы зы шэч лъэпкъ хэмылъу ущыгъуэзэн хуейщ) абы упэщIигъэувэнущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, узэриукIынум зы шэч хэмылъу щытмэ, уэ зумыгъэукIын, муслъымэныр иумыгъэукIын папщIэ, бийм упэщIигъэувэнущ. Абы щыгъуэми, узыпэщIэувэ хъунур узыукIыну къыппэщIэуварэщ. Бийм езым уиукIыну къомыбгъэрыкIуэмэ, абы сыт хуэдэ дин зэрихьэми, уэ япэ уищу ар букIыну хуитыныгъэ уиIэкъым. Ар Алыхьым игъэхьэрэмащ. Бийр муслъымэным и щIыпIэм иджыри къимыхьамэ, ауэ абы хуэхьэзыру къебгъэрыкIуэмэ, абы пэщIэувэн хуейщ, ар уи щIыпIэ къибгъэхьэу зауэ иумыгъэублэн папщIэ, икIи абы пэщIэувэ хъунур зауэлIхэращ.

***ЕтIуанэр:*** Бийр муслъымэным и щIыпIэ къихьауэ лей зэрихьэу, цIыхур зэтриукIэмэ, мис итIанэ псори лейзехьэм пэщIэувэу я щхьэр яхъумэжын хуейщ. Ауэ щыхъукIи, бийр япэ къищу зауэн щIимыдзэмэ, муслъымэныр япэ ищу зауэ иублэну хуиткъым. КъурIэнымрэ хьэдисхэмрэ къызэрыщыкIуар бийр япэу къыптеуэмэ, упэщIэувэнращ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, уи Iэр едзыхауэ уеплъу бийм зумыгъэукIынращ, уи щхьэр пхъумэжынращ. Унэхъуащ езыр япэ ищу Iэщэ къэзыщтэ муслъымэныр.

КъурIэным дыкъызыхуриджэр мамырыгъэщ, зэгурыIуэныгъэщ. КъурIэным къыщыкIуакъым «утыку ихьи, лъы гъажэ», - жиIэу, ауэ цIыху укIыныр, лъы гъэжэныр зэрыхьэрэмыр къыщыкIуащ КъурIэн лъапIэм.




**Индонезием и къалащхьэ Джакартэ дащIыхьа «Истикъэлал» мэжджытышхуэр 1961 гъэм кърагъэжьэри, илъэс 17-м къриубыдэу ящIащ. Ар дуней псом щынэхъ дахэхэм, щынэхъ инхэм хабжэ. Абы цIыху 120000-м зэуэ нэмэз щащIыфынущ. Ар щаухуэнум щыгъуэ дунейм архитектор нэхъ лъэщ дыдэу тетхэм я лэжьыгъэхэм хэплъэри, псом хуэмыдэу ягу ирихьу къыхахар Фредерик Силабан и проектращ.**

● Хъыбар щхьэпэ

## ДэркIэ хъер зыхэлъхэр

**КъурIэн лъапIэм къыщыкIуащ: «Фэ ффIэмыфI куэд фэркIэ хъер хэлъу Дэ къэдгъэщIащ».**

**Мы Iэят лъапIэм и мыхьэнэм теухуауэ мы хъыбар щхьэпэр фи пащхьэ нитлъхьэнщ.**

ДАУД лIыкIуэ лъапIэм и зэманым псэуащ Алыхьымкlэ фIэщхъуныгъэ зиIэ зы бзылъхугъэ гуэр. А цIыхубзыр хуабжьу гугъу ехьырт. Къулейсызт, и щхьэгъусэри имыIэжу, быныр и закъуэ ипIырт. МаститI къудейрэ, цIы тIэкIурэ иIэти, мыжейуэ, нэху щыху цым зыгуэрхэр къыхищIыкIырти, махуэм ар бэзэрым щищэрт. Сатум къыщIиха ахъшэ мащIэм къыщIэкIыр сабийм я шхын тIэкIурэ, жэщым зэрылэжьэн цы къудейрэт. Дапхуэдэу гугъу емыхьми, Алыхьым фIыщIэ хуищIурэ, быныр зэщIипIэрт.

Зы махуэ гуэрым цIыхубзыр Iейуэ ешауэ здэкIуэжым, сабийхэм яригъэшхын ерыскъы тIэкIумрэ жэщым зэрылэжьэну къищэхуа цы тIэкIумрэ зэрылъ къэлътмакъ и дамэм телъыр къыщхьэщылъэта бгъэм трихри, лъэтэжащ. Фызыр гуIэжащ мэжалIэу къыпэплъэ быным яригъэшхыным щхьэкIэ. АрщхьэкIэ, сытыт и Iэмалыр, уэгум ит бгъэм улъэщIыхьэнт?

Бзылъхугъэр Iейуэ гъыуэ здэкIуэжым, Дауд лIыкIуэ лъапIэм IущIащ.

- Мыр сыт, щхьэ угърэ? - щIэупщIащ лIыкIуэр.

- Дауэ сымыгъынрэ, ЛIыкIуэ лъапIэ? Нобэ си быным езгъэшхын дзэкъэгъуэ сиIэкъым, ныжэбэ сызэрылэжьэни сиIэжкъым. Си мастэ-Iуданэри сабийхэм я шхын тIэкIури бгъэм ирихьэжьащ, - гъыурэ жэуап итащ фызым. АдэкIи къыпищащ - Алыхьым илъагъуртэкъэ си Iуэху зыIутыр? Щхьэ апхуэдэу къызищIа? Иджы къызжеIэ, Дауд, Алыхьым гущIэгъу хэлъ хьэмэрэ лей зэрихьэрэ? - щIэупщIащ цIыхубзыр.

ЛIыкIуэм хуабжьу игу щIыхьащ ипэкIэ зэи Iиманыншэ мыхъуа бзылъхугъэм и псалъэхэр.

ЛIыкIуэм бзылъхугъэм жэуап иритыну пэтрэ, цIыхухъу гуп къабгъэдыхьащ абыхэм. Дауд лIыкIуэм гуапэу сэлам кърахри, и пащхьэм дыщэ зэрылъ къэлътмакъыр кърагъэуващ.

- Хэт фыхъуну? Мы дыщэ къомри сыт зищIысыр? - щIэупщIащ лIыкIуэр.

КъызэрыщIэкIамкIэ, ахэр сату зыщI гупу арат.

- Дэ дунейр къызэхыдокIуэхь, сату дощI. Зы къэралым къыщытщэхур адрей къэралым щыдощэж. Хым дытету къэткIухьу аращ. Нобэ хым дыщIилъэфэным зымащIэ дыдэщ иIэжар. Апхуэдизкlэ жьыбгъэшхуэ къыкъуэуати, ди чэтэныр зэфIитхъащ. Гузэвэгъуэшхуэр ди псэм телъу псори Алыхьым делъэIуащ гущIэгъу къытхуищIыну. ИкIи нузыр тщIащ дыпсэууэ щIым дыкъытехьэжмэ, сатууэ тщIар Алыхьым папщIэ сэдэкъэуэ ттыну. Абы хэту ди щхьэщыгум къилъэта бгъэм къыIэпыхури, ди къухьым къихуащ ерыскъы тIэкIурэ, мастэ-Iуданэрэ зэрылъ къэлътмакъ цIыкIур. Алыхьышхуэм фIыщIэ хуэтщIурэ, а мастэ-IуданэмкIэ ди чэтэныр ддыжащ. Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ чэтэныр зыхуей хуэдгъэзэжри, хым дыщIимылъафэу дыкъелащ. Мы дыщэхэр сату тщIаращи, ди псэхэр къезыгъэла Алыхьым папщIэ сэдэкъэуэ ттынущ, уэ зыхуэбгъэфащэм Iэрыгъэхьэ, лIыкIуэ лъапIэ, - жаIащ гупым.

ЛIыкIуэр бзылъхугъэм еплъри, дакъикъэ зыбжанэ ипэкIэ кърита упщIэ дыдэр езым иритыжащ: «**КъызжеIэт, иджы, Алыхьым гущIэгъу хэлъ хьэмэрэ лей зэрихьэрэ?**» -- жиIэри. ЛIыкIуэм дыщэхэр цIыхубзым иритащ.

Аращи, дэ тфIэмыфIу дыщIэтхьэусыхэ куэд дэркIэ хъер хэлъу Алыхьым къигъэщIащ, дэ абы дыщымыгъуазэми.

## Абы зыщыбгъэпщкIуфынукъым

**Алыхьым къытхуигъэфэща гъащIэр и кIэм щынэсам деж, дэнэ дыщымыIами, дыкъигъуэтынущ ХьэзрэIил (псэр хэзых мелыIычращ).**

**Алыхьым Iэмыр хуещI ХьэзрэIил мелыIыч лъапIэм, «Мыпхуэдэ си пщылIым и псэр мыпхуэдэ щIыпIэм деж щыхэх!» - жеIэри. А унафэм фIэкIыпIэ лъэпкъ иIэкъым. Мы хъыбар кIэщI цIыкIури абы теухуащ:**

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, Алыхьым и лIыкIуэ псоми телъыджэ гуэрхэр къадигъэхъуащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Мусэ лIыкIуэ лъапIэм хыр тIууэ хузэгуэкIри, и дзэр зэпришат, Хьисэ лIыкIуэ лъапIэм Алыхь IэмыркIэ лIам псэ къыIуигъэкIэжырт, Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) къыдэхъуа телъыджэхэри икъукIэ куэдщ.

Сулеймэн бегъымбарым и жыIэм щIэт ищIат Алыхьым къигъэщIа псори (цIыхухэри, жинхэри, псэущхьэхэри, жьыбгъэхэри, псыхэри, къищынэмыщIауэ, а ЛIыкIуэм ищIэрт цIыхуми, жинми, псэущхьэми я бзэхэр). ЛIыкIуэм псори зэхуишэсырти, дэтхэнэ зыми и гукъеуэм едаIуэрт, защIигъакъуэрт.

Махуэ гуэрым зы лIы тхьэмыщкIэм и гукъеуэр Сулеймэн лIыкIуэ лъапIэм хуиIуатэу здэщысым, лIы дахэшхуэ гупым къахыхьащ. Гукъеуэр зыIуатэм лIышхуэр апхуэдизкIэ еплъати, тхьэмыщкIэм и фэр шэхум хуэдэу пыкIащ. Ар егъэлеяуэ шынати, зэщIэкIэзызэрт. ИужькIэ, ерагъыу къыдришейри, лIыкIуэм щэхуу еупщIащ: «Уа, Сулеймэн, хэт мы лIышхуэр? Апхуэдизу щхьэ сэ къызэплърэ?» «Ар ХьэзрэIил мелыIычырщ, си деж хьэщIапIэ къэкIуауэ аращ», - жэуап итащ Сулеймэн. Ар щызэхихым, нэхъ Iеижу шынащ тхьэмыщкIэр. ХьэзрэIили щтэIэщтаблэу абы еплъырт.

ТхьэмыщкIэр Сулеймэн елъэIуащ: «ЛIыкIуэ лъапIэ, Алыхь IэмыркIэ уэ уи жыIэм щIэтщ Тхьэм къигъэщIа псори. Сынолъэlу, жьыбгъэм Iэмыр хуэщIи, сыIуегъэх нэхъ жыжьэу. Индием сегъэхь, ХьэзрэIил нэхъ щыхъума сыхъунщ».

Шынауэ кIэзыз тхьэмыщкIэр фIэгуэныхь хъури, и лъэIур хуищIащ - Сулеймэн и IэмыркIэ, жьыбгъэм ар нигъэсащ Индием. ИтIанэ Сулеймэн мелыIычым еупщIащ: «Уа, ХьэзрэIил, сыт а тхьэмыщкIэм апхуэдизу нэщхъкIэ ущIеплъар? Хуабжьу бгъэшынащ». «Уа, лIыкIуэ лъапIэ, Сэ абы нэщхъкIэ сеплъауэ аракъым. АтIэ, си нэкIэ слъагъур си фIэщ схуэмыгъэхъуу арат, абы сыщIеплъыр. Сэ Алыхьым Iэмыр сщищIащ а лIым и псэр нобэ Индием щыхэсхыну. Ауэ а къэралым сыкIуэн и пэ къихуэу уи деж сыкъыщIыхьащ сэлам уэсхыну. Индием зи псэр щыхэсхын хуей лIыр уи деж щIэсу щыслъагъум, щтэIэщтаблэ сыкъэхъуауэ арат. Ауэ, жьыбгъэм Iэмыр щыхуэпщIым, псори къызгурыIуащ», - жэуап итащ ХьэзрэIил мелыIычым.

Аращи, Алыхь Iэмырым фIэкIыни, ажалым IэщIэкIыни щыIэкъым. Дэнэ дыщымыIэми, дыкъигъуэтынущ ХьэзрэIил мелыIыч лъапIэм.

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

**1. Къэдэр жэщым зи лъэIур къабыл мыхъу цIыху щыIэ?**

Псоми я лъэIур къабыл мэхъу, цIыхуиплIым къищынэмыщIа: чэфым, адэанэм емыдаIуэхэм, Iыхьлыр зыбгынэхэм, махуищ нэхърэ нэхъыбэкIэ цIыхум ебийм.

**2. Нобэ къекIуэкI узыфэ зэрыцIалэм ислъам диныр зэреплъыр дауэ?**

Зэманыр кIуэ щхьэкIэ къэмынэу, сыт хуэдэ упщIэми и жэуапыр щыбгъуэтынущ КъурIэн лъапIэми хьэдисхэми. Уз зэрыцIалэр игъащIэ лъандэрэ щыIэщ. КъурIэн лъапIэм къыщыкIуащ сыт хуэдэ узыфэми и хущхъуэгъуэ къызэригъэщIар. КъищынэмыщIауэ, узыфэр езыр-езыру зэрыцIалэу аракъым. Алыхьыр зыхуейм ар иригъэуалIэ, зыхуейр абы щехъумэ. Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Узыфэ зэрыцIалэ здэщыIэ къэралым фимыхьэ. ФыщыпсэущIыпIэм узыфэ зэрыцIалэ щыIэмэ, фыкъимыкI». Аращи, Алыхьым къимыхъумэр зыми къихъумэнукъым, ауэ щыхъукIи, дэри дысакъын зэрыхуейри хьэдисым щынаIуэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Алыхь Iэмырыншэу зыри къэхъунукъым, ауэ щыхъукIи, узыфэ зэрыцIалэ къыщекIуэкIым деж, къэралхэм уихьэнри уикIынри къезэгъыркъым. Абу Хьурейрэ къиIуэтэжауэ мыпхуэдэ хьэдиси щыIэщ: «ЛIыкIуэ лъапIэм жиIащ: «Гузэвэгъуэ къэхъуми, гуфIэгъуэ къэхъуми къэрал унафэр зыIэщIэлъхэм я жыIэм фыщIэтыну фи къалэнщ. А унафэр фигу ирихьми иримыхьми емылъытауэ». Аращи, хьэдисхэми щыжеIэ, къэралми и унафэщ уз зэрыцIалэр кIащхъэ хъуху зэхэзекIуэныр гъэмэщIэн зэрыхуейр.

**3. Сыт хуэдэ удз гъэгъа нэхъ фIэфIу щытар Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа лIыкIуэ лъапIэм?**

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) псом хуэмыдэу фIэфIу щытащ ( роза) удз гъэгъар. Абы теухуауэ мыпхуэдэ хьэдис щыIэщ: «Алий ибн Абу ТIалиб къиIуэтэжащ: «Мухьэмэд бегъымбарым жиIащ: «Хьэршым сыщыдрашея жэщым си пщIэнтIэпс къыпыткIури, щIым теткIуащ. Ар зытеткIуа щIыпIэм деж гуащэнапщIэ къыщыкIащ. Фэ фщыщу сэ си мэ къызыщIихьэну хуейр фепэм гуащэнапщIэм».

## Лей зытехьам фыщышынэ

● Уаз

**«Уа, муслъымэнхэ! ЦIыхум лей евмых, и гур хэвмыгъэщI. Лей зытехьэу зи гур хэщIар къызэлъэIумэ, лейзехьэм кIуэдыр къыхуэзгъэкIуэнущ. Фымылэжь Алыхьыр зыгъэгубжьын Iуэхугъуэ, шэч хэлъкъым Абы (Алыхьым) лей зэримыгъэгъум».** *(«Фэджыр» сурэм и 6 - 8-нэ Iэятхэр)*

ЛЕЙ зылъыса цIыхум и лъэIум нэхърэ нэхъ шынагъуэ зэрыщымыIэм и щыхьэтщ КъурIэн лъапIэм къыщыкIуа мы Iэятыр. Лей зезыхьэм Алыхьыр зэригъэгубжьым теухуауэ зы хъыбар цIыкIу гъэкIэщIауэ фи пащхьэ нитлъхьэнщ.

НэхъапэIуэкIэ къыдэкIа «Ислъамым и нурым» тетащ Нэмруз бзаджащIэм и гъащIэр къызэрекIуэкIамрэ и кIуэдыжыкIа хъуамрэ теухуа тхыгъэхэр.

Нэмруз хуэдэу бзаджащIэу нэгъуэщI зэкъуэшитIи дунейм тетащ Iэдил и къуэхэу Шэддадрэ Шэдидрэ. А тIум дуней псор зэхуэдитIу ягуэшат, псори я лъэгущIэтт, зыщагъэшынэрт, зыхуагъэпщылIырт. Дин щIэныгъэлIхэм я тхылъым къызэрыщыкIуамкIэ, абыхэм лейуэ цIыхухэм ирахыу щытар псалъэ къудейкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ.

ЗэкъуэшитIым я нэхъыщIэ Шэдид лIа нэужь, щIэиныр Шэддад къыхуэнащ. Абы лIыгъэкIэ иубыдат къэралхэри, къалэхэри, къуажэхэри. Ар куэдрэ псэуащ, фыз зыбжани иIащ, быну иIари нэхъыбэжт.

ШынагъэкIэ зыхуей псори зэрызыIэригъэхьэм щхьэкIэ игугъэрт езым сытри лъэкIыу, уеблэмэ, Алыхьым и къарум пэщIэувэну хэтт. АрщхьэкIэ, Алыхьыр пIащIэркъым.

Шэддад бзаджащIэм фIэфIт ипэкIэ щыIа лIыкIуэхэм къахуеха тхылъхэм жэнэтым теухуауэ ит тхыгъэхэм щыгъуазэ зищIыну.

Зы махуэ гуэрым джаурым мурад ищIащ Алыхьым жэнэт къызэригъэщIам хуэдэу, езыми щIым жэнэт щытрищIыхьыну. И мурадыр зригъэхъулIэн папщIэ абы зэхуишэсащ инженер, архитектор нэхъ лъэщ дыдэу щыIэхэр. Псоми унафэ яхуищIащ дунейр къызэхакIуэхьу, псыкIи, къэкIыгъэкIи гъэнщIауэ, щIым нэхъ щIыпIэфI дыдэу иIэр къыхахыну. Псори зэгурыIуэри, Йемен жэнэт щаухуэну мурад ящIащ.

Апхуэдэу щыхъум, дуней псом дыщэуи дыжьынуи телъыр зэщIащыпэу щIадзащ, Iэлъыным, тхьэгъум деж щегъэжьауэ, уасэ зиIэ псори цIыхум къытрахырти, зэхагъавэрт. Дыщэрэ дыжьынкIэ гъэжа чырбышкIэ къаухъуреихьащ къалэр.

Сымаджэу хэлъ хъыджэбз зеиншэ цIыкIум и тхьэкIумэм дыщэ тхьэгъу илъу щилъагъум, Шэддад пхъуэри, сабийм и тхьэгъуитIыр кърихъащ.

АпхуэдизкIэ ар и гум щIыхьати, сабий зеиншэм и Iэ цIыкIуитIыр ишийри, Алыхьым елъэIуащ: «ЯIэлыхь, Шэддад и нэ къызыхуикI къалэр иумыгъэлъагъуну сынолъэIу!». Зи гур хэщIу Алыхьым зыхуэзыгъэза сабийм и лъэIуращ Шэддад техуар. Ауэ абы пIалъэ иIэти, ар къэсын хуейт.

Илъэс щищкIэ елэжьхэри, къалэр и кIэм нагъэсащ. Апхуэдэу къалэ дахэ зэи дунейм тетатэкъым - налкъутналмэсымрэ дыщэ-дыжьынымрэ къыхэщIыкIа унэшхуэхэр дэнэкIи щыплъагъурт. КъэкIыгъэу щумыгъуэтын щыIэтэкъым. АрщхьэкIэ, Алыхьым къигъэщIа жэнэтым хуэдэ ар зэрымыхъунур абыхэм къагурыIуэртэкъым.

Мис апхуэдэу къызыхуэтыншэу къалэр яухуа нэужь, Шэддад хъыбар ирагъэщIащ. Абы и фызхэри, и бынхэри гъусэ ищIри, дыщэкIэ зэщIэузэда махъшэхэм тетIысхьэхэри, гъуэгуанэ техьащ, щIым тращIыхьа жэнэтым щыпсэуну мурадышхуэхэр иIэу. АрщхьэкIэ, лей зылъысам и лъэIур къабыл зэрыхъур КъурIэн лъапIэм къыщыкIуащи, абы фIэкIыпIэ иIэкъым. Шэддат зи гур хигъэщIа сабийм и лъэIур къабыл ищIат Дыкъэзыгъэщlам.

Уафэр губжьауэ зэщIэгъуагъуэщ, щыблэ уэри, къалэм зыунэтIа Шэддади абы и гупми зэшэзэпIэу я псэхэр щыблэм хиудащ. Илъэс щищкIэ иригъэухуа къалэм щыпсэун дэнэ къэна, илъэгъуагъэххэкъым.

Аращ лей зэфхам, зи гур хэвгъэщIам фыщышынэн щIыхуейр. Апхуэдэхэм я лъэIур къабыл зэрыхъум фIэкIыпIэ лъэпкъи иIэкъым. Ар Алыхьым и псалъэщ.

## Июль (бадзэуэгъуэ) мазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, бэрэжьей | 02.38 | 04.31 | 12.20 | 16.23 | 19.50 | 21.55 |
| 2, махуэку | 02.39 | 04.31 | 12.20 | 16.23 | 19.50 | 21.55 |
| 3, мэрем | 02.40 | 04.32 | 12.20 | 16.23 | 19.50 | 21.54 |
| 4, щэбэт | 02.40 | 04.33 | 12.21 | 16.23 | 19.49 | 21.53 |
| 5, тхьэмахуэ | 02.41 | 04.33 | 12.21 | 16.24 | 19.49 | 21.53 |
| 6, блыщхьэ | 02.42 | 04.34 | 12.21 | 16.24 | 19.49 | 21.52 |
| 7, гъубж | 02.44 | 04.35 | 12.21 | 16.24 | 19.48 | 21.51 |
| 8, бэрэжьей | 02.45 | 04.35 | 12.21 | 16.24 | 19.48 | 21.50 |
| 9, махуэку | 02.45 | 04.35 | 12.21 | 16.24 | 19.48 | 21.50 |
| 10, мэрем | 02.47 | 04.37 | 12.21 | 16.24 | 19.47 | 21.49 |
| 11, щэбэт | 02.48 | 04.37 | 12.22 | 16.24 | 19.46 | 21.48 |
| 12, тхьэмахуэ | 02.50 | 04.38 | 12.22 | 16.23 | 19.46 | 21.47 |
| 13, блыщхьэ | 02.51 | 04.39 | 12.22 | 16.23 | 19.45 | 21.45 |
| 14, гъубж | 02.52 | 04.40 | 12.22 | 16.23 | 19.45 | 21.44 |
| 15, бэрэжьей | 02.53 | 04.41 | 12.22 | 16.23 | 19.44 | 21.43 |
| 16, махуэку | 02.55 | 04.42 | 12..22 | 16.23 | 19.43 | 21.42 |
| 17, мэрем | 02.56 | 04.43 | 12.22 | 16.23 | 19.42 | 21.41 |
| 18, щэбэт | 02.58 | 04.43 | 12.22 | 16.23 | 19.42 | 21.39 |
| 19, тхьэмахуэ | 02.59 | 04.44 | 12.22 | 16.23 | 19.41 | 21.38 |
| 20, блыщхьэ | 03.01 | 04.45 | 12.22 | 16.22 | 19.40 | 21.37 |
| 21, гъубж | 03.02 | 04.46 | 12.22 | 16.22 | 19.39 | 21.35 |
| 22, бэрэжьей | 03.04 | 04.47 | 12.23 | 16.22 | 19.38 | 21.34 |
| 23, махуэку | 03.05 | 04.48 | 12.23 | 16.22 | 19.37 | 21.33 |
| 24, мэрем | 03.06 | 04.48 | 12.23 | 16.22 | 19.37 | 21.31 |
| 25, щэбэт | 03.08 | 04.50 | 12.23 | 16.21 | 19.35 | 21.29 |
| 26, тхьэмахуэ | 03.10 | 04.51 | 12.23 | 16.21 | 19.34 | 21.28 |
| 27, блыщхьэ | 03.11 | 04.52 | 12.23 | 16.20 | 19.33 | 21.26 |
| 28, гъубж | 03.13 | 04.53 | 12.23 | 16.20 | 19.32 | 21.24 |
| 29, бэрэжьей | 03.14 | 04.54 | 12.23 | 16.20 | 19.31 | 21.23 |
| 30, махуэку | 03.16 | 04.55 | 12.22 | 16.19 | 19.30 | 21.21 |
| 31, мэрем | 03.17 | 04.56 | 12.22 | 16.19 | 19.29 | 21.19 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*




● Пшыналъэ цIыкIухэр

### Дакъикъэ къэси гъащIэ зырызщ

«Усысейщ!» - жиIащ щIалэгъуэ гъуэгу техьэм.
«Срыуейщ, - къитыжащ жэуап гъуэгу дыщытехьэм, - зы дакъикъэм гъащIэ псо хэплъагъуэу щытмэ. Сэ си гъащIэр дакъикъэ защIэу зэхэлъщ, дакъикъэ къэси гъащIэ зырызщ. Апхуэдиз гъащIэр уэ уи закъуэ дауэ пхуэIыгъыну? ЦIыхуу щыIэм сэ ар яхуэзгуэшыну сыхуейщ. Сэ сыщIэпсэур гъащIэ уахътыншэ сыхъуу гъащIэм сыхыхьэжынырщ».

### ИкIи ежьэж, икIи къэгъэзэж

«ДызэпокIыж», - жысIэри, сэ сыIукIыжащ. Уэ ар уи фIэщ хъури, нэпс куэд щIэбгъэкIащ. «Сэ уэрыншэу схуэхькъым», - бжесIэри къэзгъэзэжащ. Уэ ар уи фIэщ хъури, угуфIэурэ нэпс куэд щIэбгъэкIащ. Сэ иджыри семыжьэжу хъуркъым. Уэ пхуэшэчыну умыгъыу? Сэ аргуэру къэзгъэзэжмэ, пхуэубыдыну гуфIэ нэпсыр?
«Хъунщ, си псэ, икIи ежьэж, икIи къэгъэзэж. Ауэ ущежьэжкIи IэплIэ къысхуэщI, къыщыбгъэзэжами, IэплIэ къысхуэщI, итIанэ зэи сыгъынкъым, сэ сщIэнущ уежьэхункIэ къызэрыбгъэзэжынур».

### Си дыгъэ шыр

Хьэуэ! Хьэуэ! Сэ зэи къэсшэнукъым. Сыхэвмыгъэзыхь! Зэи къэсшэнукъым, си дыгъэ шырым си Iэпэр имыубыдауэ. Сыт апхуэдизрэ ар щIыдэсыр? Сэ иджы си къэшэгъуэщ, абы и ишэгъуэщ. Ауэ дызэхуэзэмэ, зы псалъи зэжетIэркъым. Ар мэшынэ, зыгуэр къызжиIэмэ, сэ къызгурымыIуэу сежьэжын фIэщIу, апхуэдизкIэ фIыуэ сыкъелъагъури. Сэри зыри жесIэркъым, жесIа нэужь къысщыдыхьэшхыу щIэпхъуэжын си гугъэу... Ей, си дыгъэ шыр, уэрэ сэрэ ди гур зэгъусэу зы гъущI хъар идгъэгъэтIысхьэ, цIыхунэхэм ягъэIэсэнщи, зэщыгуфIыкIыжу къитхыжынщ.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн**.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр


Серебряков-Даутокъуэ Лиуан. *1932 гъэ*


Серебряков Хьэжмурат (Виктор).


Кавказ шуудзэ дивизэм и офицерхэу Абдурэхьмэн Хьэбыж, Серебряков-Даутокъуэ Заурбэч, Чхеидзе Константин сымэ. *1919 гъэ*

● ЖыIэгъуэхэр

## Гъуджэ иплъэ псоми залъагъужыркъым

⊙**Акъылыншэ тхьэмыщкIэщи, ныбжьэгъуншэ къулейсызщ.**
⊙**Ахъшэ зи куэдым дыгъур щошынэ.**
⊙**Бзэгу зыхуахьри бзэгузехьэм къыкIэрыхуркъым.**
⊙**Губзыгъэр и акъылкIэ йогупсысри, делэм нэгъуэщIым жаIэм трещIыхь.**
⊙**Гужьгъэжьыр яжьэкIэ щIэхъума дэп Iэтэщ.**
⊙**ГупкIэм упысыныр тыншщ, зи гупкIэ уисым и уэрэд пщIэмэ.**
⊙**Гурыщхъуэм дамэ темытми, укърехьэкI.**
⊙**Гупсысэм псалъэншэу уэрэд уегъэус.**
⊙**ГуфIэгъуэрэ гуIэгъуэрэ зы кIапсэ кIыхьщ - зэпыупщIыгъуейщ.**
⊙**Гухэхъуэм уигъэщIыр гухэщIым птрехыж.**
⊙**Гъатхэм жеяр щIымахуэм къегъэуджж.**
⊙**Гъуэгу пэж тет и къэгъэшыпIэри захуэщ.**
⊙**Гъуэгу мыгъуэ техьэнур вакъэ хуэныкъуэкъым.**
⊙**Гъуджэ иплъэ псоми залъагъужыркъым.**
⊙**Гъунэ иплъамэ, хьэсэкуми унэсынщ.**
⊙**Данэм хэсу псэуами, кърашэкIыр чэсейфэхущ.**
⊙**Дахэ зыхэзагъэми хуэсакъыпхъэщ.**
⊙**Дэгу и нэ жанщи, нэфыр тхьэкIумафIэщ.**
⊙**Делэ и пыIэ акъылымэ щыуркъым.**
⊙**ДогъэлъапIэ жаIэурэ куэд ягъэсэхъу.**
⊙**Дуней тетыкIэ зыщIэри абы хуиту трагъэткъым.**

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Псалъэжьхэр

## Бгъэплъыщэмэ, мывэри зэгуоуд

**✸ГъэфIым умыгъуэта гъейм бгъуэтыжыркъым.**
**✸Зы гъэр тIэу къакIуэркъым.**
**✸И гуащIэ хьэпIацIэм яхуехъумэ.**
**✸МастэкIэ Iэшэщ, шатэкIэ бзаджэщ.**
**✸Гуащэтешэрэ пэт унэ епхъэнкI.**
**✸Набдзэ ищI фIэщIурэ нэр ирищIащ.**
**✸УэфIрэ уэлбанэрэ я хьэкъ зэтенэркъым.**
**✸ХамэIэр Iэгъэзагъэ щхьэкIэ - гугъэзагъэкъым.**
**✸Бзум худрапхъей я унэ щIэлъкъым.**
**✸Жьы къыщIэпщэркъым, псы къыщIэуэркъым.**
**✸Лэгъупыр нэкIэ къегъавэ.**
**✸Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щылIыхъужьщ.**
**✸Абрэмывэ пэт зы пIэм илъкъым.**
**✸Бгъэплъыщэмэ, мывэри зэгуоуд.**
**✸Дахэу ябз дахэу ядыжыркъым.**

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## Былымым и бзэгу гъэва-гъэжьэжам кIэртIоф щIэлъу

Зи фэр зытемылъыж бзэгу гъэвар зэпэплIимэу, г 15-20 хъууэ, яупщIатэ, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэри, зэIащIэурэ ягъажьэ, тхъуэплъ хъуху. МафIэр ягъэункIыфIыжри, бзэгу гъэжьам хакIутэ г 10 - 12 хъу тыкъыр цIыкIуурэ дагъэкIэ ягъэжьа кIэртIоф. Хуэсакъыурэ, кIэртIофыр ямыпIытIурэ, зэIащIэ. ШатэкIэ щIа бжьыныху шыпс текIауэ, пщтыру Iэнэм тепщэчкIэ трагъэувэ. ПIастэ, щIакхъуэ дашх. Къэуатщ, витаминкIэ къулейщ.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* бзэгу гъэвауэ - г 200, тхъууэ - г 40, кIэртIоф гъэжьауэ - г 150-рэ, шатэу - г 100, бжьыныху укъэбзауэ - г 15, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

## Тыркум щыIэ адыгэхэм я мырамысэ

Нартыху хьэжыгъэр ткIыбжь мыхъуу куэдрэ щылъкъым. Тырку адыгэхэм ящIэращ: нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIар пхъэбгъум пIащIэу тракIутэри дыгъэкIэ ягъэгъущ, гъуабжафэ къытеуэху. Апхуэдэу пщIымэ, нартыху хьэжыгъэр зэмыкIуэкIыу куэдрэ щылъщ.

Мырамысэр зэращIыращ: шыуаным псы щIыIэ иракIэ, шыгъу хадзэри, хьэкум трагъэувэ. Къэвэн щIимыдзэ щIыкIэ нартыху хьэжыгъэр хакIутэ икIи бэлагъкIэ зэIащIэурэ хьэзыр хъуху ягъажьэ. Хьэзыр хъуа мырамысэр шыуан джабэм къыкIэрыщэту, и теплъэкIи гъуатIафэу щытщ. Мыдрей мырамысэхэм ещхьу яшх хуабэуи щIыIэуи. Мыпхуэдэ мырамысэр жэщитI-махуитIкIэ зэIыхьэркъым.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* нартыху хьэжыгъэу - г 550-рэ, псыуэ - г 120-рэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● ГушыIэхэр

## Ди хьэтыр къилъагъуну девгъэлъэIу

Экзамен тыгъуэщ. ЩIалищ зопсалъэ.
- Уа, тхыдэмкIэ хэт дызэлъэIунур мы Аслъэнбий и къуэм щхьэкIэ?
- Хьэмид.
- СочиненэмкIэ?
- Мурат.
- ЛитературэмкIэ-щэ?
- Хьэлимэт.
- Ахэр хъарзынэтэм, уэлэхьи, ауэ нэмыцэбзэр дауэ?
- Уэлэхьи, уи хьэтыр къэзылъагъун абыхэм яхэту сымыщIэ сэ.
- Школым щиджа?
- И аттестатым 4 итщ.
- КхъыIэ-тIэ, а зымкIэ ди хьэтыр къилъагъуну езы щIалэ цIыкIум девгъэлъэIу.

## Мелуан уэттын уи гугъэ?

Лекцэ зытхух къеджауэ сом 13 фIэкIа зыхуамытха лIыр директорым хуотхьэусыхэ.
- Уа, сыту мащIэ мы къызэфтыр.
- НтIэ, тхьэмахуитIым мелуан уэттын уи гугъэ?
- Хьэуэ, ардыдэри сыт, ауэ мелуанымрэ сом 13-мрэ яку зыгуэр дэлъ си гугъэщ, зиунагъуэрэ.

**ШЫД Хьэсэнбий**.

# ПСЫIУЩIЭ

### *(ГукъэкIыж)*

Гъэмахуэр сыт щыгъуи сабийхэм я IутIыжщ. Зэкъуэшхэм (сэ, си къуэш нэхъыщIэ Вовэ, Мэздэгу щыщ ди анэ шыпхъу Марие и къуэ Шурик, Николай сымэ) ар щIэщыгъуэу щыдгъакIуэрт ди адэшхуэ-анэшхуэр щыпсэу Раздольнэ къуажэм. Нэхъыжь дыдэм илъэситху и ныбжьт, нэхъыщIэр илъэсищ хъуа къудейт.

Ди зэманыр зэрыдмыгъэнщI щыIэжтэкъым - номин шырхэм ещхьу, жыгыщхьэхэм дыпыст, мэкъу Iэтэхэм дыдэпщейрт, гъуэрыгъуапщкIуэр нэхъыфI дыдэу тлъагъу ди джэгукIэт. Зыми хузэфIэкIыртэкъым дигъэбэяуну.

Зы махуэ гуэрым гу лъыттащ унащхьэм ныкъуэкъутэу хэлъ щхьэгъубжэмкIэ бжьэхэр щIэлъатэурэ къызэрыщIэлъэтыжым. Куэдрэ дыгупсысакъым, мурад тщIащ фор щагъэпщкIур къэтхутэну.

Шурикрэ сэрэ мэкъуэщым пхъэ пкIэлъей къитлъэфри, унэ блыным едупсеящ. Абы дызэрыдэпщеяр зыми къамыщIэн щхьэкIэ, Вовэрэ Николайрэ пщIантIэм щыджэгуну къыдэднэри, нэхъыжьитIыр унащхьэм дыкIуащ. Безынэр бэджыхъым щIихъумауэ плIанэпэ нэхъ кIыфIым къыщыдгъуэтащ. Ар ятIэкIэ хъурейуэ зэгъэпцIат, гъуанэ цIыкIу куэдыкIейхэр иIэу. Нэхъ гъунэгъуIуэ зыщыхуэтщIым, бжьэхэри абы исуу къэтлъэгъуащ. АрщхьэкIэ фор къызэрыдгъуэтам ди нэр къыщхьэригъапхъуэри, зыдмыIэжьэу блыным ятIэ хъурей зырыз къыкIэрыт-чащ, абы кърикIуэнум иджыри дыщымыгъуазэу. Безынэм зэуэ хьэдзыгъуанэхэм зыкърапхъуэтри, ди щIыфэ пцIанэхэм къеуэу хуежьащ. Нанэ дегуэпэкIыу зыщыдгъэтхъуну дызэрыхуеяри асыхьэтым тщыгъупщат.

ДыкIийуэ «абгъуэхэр» хыфIыдодзэжри, пкIэлъей дэкIуеипIэр зэрыщытри дымыщIэжу унащхьэ лъагэм дыкъопкIэж. ЩIым дыркъуэншэу дыкъызэрыщыхутар дауэми иджыри къызгурыIуэркъым, ауэ а дакъикъэм псори зырикIт дэ ди дежкIэ, дыкъезыхуэкI хьэдзыгъуанэхэм дакъызэрыIэщIэкIынырт нэхъыщхьэр.

Дызэхихри, ди анэшхуэр гужьеяуэ къэжащ дыкъригъэлыну. КъытщыщIар къыщыгурыIуэм, сэ папцIэрэ мастэрэ абы къищтэри, ди щIыфэ псом хэуа хьэдзыгъуанэ шэрэзхэр къытхухихыжу къыдбгъэдэсащ. «УIэгъэхэм» форэ тхъуцIынэрэ зэхэлъу къытхущихуэурэ махуитIым и кIуэцIым ди анэшхуэм дигъэхъужащ, дэри а къэхъугъэр зыIэщIэдгъэхужри, дызэрыкъуейщIеин нэгъуэщI Iуэхухэм дылъыхъуэу дежьэжащ.

Тэрчыпсыр ди анэшхуэмрэ адэшхуэмрэ я лъапсэм метри 100 хуэдэкIэ пэжыжьэт, абы ди закъуэу дагъакIуэртэкъыми, зафIэдгъэпщкIуурэ кIуэсэн щIэддзащ. ТфIэфIт псыIущIэм дыдэпщейурэ псы елъэм деж къыщызэтрихьэ бдзэжьейхэм деплъу дыщысыну. Псы уэрым а бдзэжьей тхьэмыщкIэхэр щIиIубэрти, зэми къыдрихьеижырт, язынықъуэхэми лъэныкъуабэу телъу къигъанэрт. ТфIэгуэныхьи хъурт ахэр, зыкъащIэжыну хунэмысу аргуэру псы хьэлъэм ириудыжырти.

Зы бдзэжьейм, нэхъ мыхъуми, а псыIущIэ щIагъым къыщIэкIыну щыхузэфIэкIым, зы фIыгъуэшхуэ къыдэуэлIам хуэдэу, «Ура!» жытIэурэ, IэплIэхэр зэтшэкIырт. Ауэ бдзэжьей псоми ар къехъулIэртэкъым. Абы щхьэкIэ махуэ къэс, шэджагъуэхуэкIуэ хъуа нэужь, зы сыхьэт хуэдизкIэ псыIущIэр зэхуащIырт, псы дэжыпIэ закъуэ фIэкIа къэмынэу. А «лъагъуэмкIэ» бдзэжьейхэр исыкIырти, Тэрчыпсым и къежьапIэмкIэ яунэтIырт.

Псыежэхыр чэнж щыхъу щIыпIэхэм деж бдзэжьейм IэкIэ ущещэ хъурт. АрщхьэкIэ ди зэрыгъэкIий макъым бдзэжьейр игъэгужьейрти, къэдубыдами, зиудыныщIэурэ зыкъытIэпыщIиудыжырт. Хьэлъэу пшахъуэм хэхуэу ехуэхырти, псыкIантIэм хэпкIэжырт.

Бдзэжьей сещэурэ зэгуэрым псыежэх лъащIэм граждан зауэ лъандэрэ щIэлъ топ улъиям сыжьэхэуэри, си Iэ сэмэгур зыщIэзгъэжыжащ. Нэхъ гъунэгъу дыдэу Виноградне къуажэрат амбулаторэ здэщыIэри, абы сашэри къызагъэIэзащ.

Ари дерс тхуэмыхъуу, махуэ къэс ди лIыгъэм хэдгъахъуэурэ бдзэжьей дещэрт. Псыежэхрэ гуэлрэ хуиту зымылъэгъуа щIалэ цIыкIуитIым (сэрэ Вовэрэ) ар ди нэгузыужьыпIэ нэхъыщхьэу жыпIэ хъунут.

Бысым къуажэ щIалэжь цIыкIухэм нэхъри дытрагъэгушхуэрт. Езыхэм псыIущIэр къыщызэIуахкIэ толъкъуным зрагъэхьэхыурэ джэгурти, абы шынагъуэ зэрыпымылъыр ди фIэщ ящIыну хэтт. АрщхьэкIэ дэ апхуэдэ дыдэу иджыри дыхахуэтэкъым, ауэ дызэрышынэри къедгъэщIэну дыхуейтэкъым.

Щхьэусыгъуэ гуэрхэр къэдгупсысурэ апхуэдэу тхьэмахуитIыр дгъэкIуащ. Раздольнэ жылэм дэс щIалэ цIыкIухэмрэ дэрэ нэхъ дызэхыхьэ хъуащ. Зы махуэ гуэрым дызэрызехьэу псым дыхэтурэ, ныбжьэгъу къытхуэхъуагъащIэхэм дытрагъэхьэулеикIри, тIэщIагъэхуащ мыгувэу псышхуэ къызэрехынур. Псы уэрыр дыпэмыплъауэ напIэзыпIэм къыкъуэури, дыкъыхэкIыну дыкъеIами, зыри тхулъэмыкIыу дызэлъэкъуауэурэ дрихьэхащ. Iэрпхъуэр дыхъуами, куэд дэмыкIыу къыдгурыIуащ дызэримытхьэлэр икIи псым дыздихьымкIэ зредгъэхьэхащ. Къамылыщхьэ унэхэм, хадэ щхъуантIэхэмрэ хъуакIуэу губгъуэм ит бжэнхэмрэ, нэгъуэщI хьэлэмэт куэдми дыдихьэхыу деплъурэ псым дытелъащ. Апхуэдэу Къызлар нэс (Раздольнэ къуажэм адэкIэ къыщыс жылэм) псым дынихьэсащ. Абдеж псыежэхыр чэнж щыхъужырти, псыкIантIэ цIыкIуурэ щызэбгрыжырт.

А махуэм тхузэфIэкIам дрипагэу, ди щхьэр Iэтауэ дыщыхьэщIэ къуажэм къэдгъэзэжащ, абы къыщытпэплъэрт ди анэшхуэмрэ адэшхуэмрэ...

**КIЭРАШЭ Михаил**.

● Къуажэхьхэр

## Унэм IэфIыкIэ къэзыхь

Жьырытэджу пасэу
къаджэ,
Сабий цIыкIухэм
яхуэбзаджэ.

Жэщыр хъуамэ, лъэтэрей,
Жейуэ хэлъхэм щыхьэрей.

КIэ бэлацэ дыгъуэрей,
Ди джэдкъазхэм
теуэрей.

Iуданэ зи куэду
Зы масти зимыIэ.

Удз гъэгъахэм телъэтыхь,
Унэм IэфIыкIэ къэзыхь.

Зызыгъэпщ пщэ пцIанэ.

**ЖЭУАПХЭР**:

*Адакъэ. Аргъуей. Бажэ. Бадж. Бжьэ. Гуэгуш.*

*Зэхэзылъхьар* **ЩОДЖЭН Леонидщ**.

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **5**. IэпапIэ фIыцIэхэр зыхэс къэзылъэтыхь цIыв хъурей цIыкIу. **6**. Губгъуэм хьэлъэ щызезышэ гуп, чырэ. **9**. Псалъэ дахэм ... гъуэмбым кърещ. **10**. Къэпща, къэушырыба. **11**. Дэлъхум и щхьэгъусэ. **12**. Шатэ, тхъуцIынэ гъэвэжам и щхьэм къытрещIэ. **13**. Ди зэманым щIагъуэу зэрамыхьэж цIыхухъу щыгъын хуабэ, уаеми уэлбанэми ущихъумэу. **15**. Нарт фызыжь Уэрсэрыжь и фIыгъэкIэ Лъэпщ ищIа Iэмэпсымэ. **17**. Iэщ егъэзыпIэ. **19**. ЦIыхубзхэм зыкIэралъхьэ, зэрызагъэщIэращIэ хьэпшып цIыкIу. **21**. Нарт лIыхъужь. **22**. Къуаншагъэ зылэжьу суд пащхьэм ихуа, уэчылыр къызыщхьэщыж цIыху. **23**. ... джэлам ущIэмынакIэ. **24**. Шы къэпщIэнтIам къыщхьэщех. **25**. КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **28**. Таурыхъхэм зэрыхэтымкIэ, псэущхьэ хьилэшы. **29**. Узижагъуэм и нэм ... ущIоуэ. **31**. ХадэхэкI. **32**. Нэхъ пасэм адыгэлIым зыми пимыщIу щыта псэущхьэ. **33**. Iэщхьэ зымыпыт щыгъын. **34**. Пщэ гъум. **35**. Купкъ зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIу. **36**. Нэхъапэм адыгэм я унащхьэр абыкIэ ягъэбыдэрт. **38**. Къуажэ «транспорт». **41**. Зи ... изым щIакхъуэр цIынэу къыщохъу. **42**. ... еуэнымкIэ адыгэ щIалэм бжьыпэр иубыдащ. **43**. ПIащIэу гъэгъуа пхъэщхьэмыщхьэ.

***Къехыу:*** **1**. Лы лей зытелъ цIыху. **2**. Лъакъуэм ищI лъэужь. **3**. Сэхуран гъэлыгъуа зыщэм ишыхьа тхылъымпIэ. **4**. ЩIалэ IэмыкIуэлъэмыкIуэр и ныбжьэгъухэм ... къащI, къыщыдыхьэшх зэпытт. **5**. Мэлыхъуэхэм я гъусэ пэж хьэшхуэ. **7**. Паркым ... къыщысхуэхъуа щIалэр ныбжьэгъуфIу къыщIэкIащ. **8**. ... мыплъэмэ, нэр плъэркъым. **14**. Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэта адыгэ усакIуэшхуэ. **16**. Пщы зэрыхьэ ... мэхъу. **18**. ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъуэшхуэ. **20**. ГъущI пIащIэ: абы къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр нэхъапэм адыгэм зэрахьэрт. **22**. НапIэзыпIэ. **26**. Цы пхъашэ зытет удз лъагэ. **27**. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ, Абхъаз республикэм и цIыхубэ артист. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 85-рэ ирокъу (и цIэр). **29**. Гукъеуэ зиIэр псалъалэщи, ... зиIэр тIэхъуалэщ. **30**. Джыдэм нэгъуэщIу зэреджэ. **37**. ХадэхэкI. **38**. УнэлъащIэм щыщ. **39**. Нартыху хъумапIэ. **40**. Джабэм къех шыгум ... имыщIамэ, щхьэпридзат. **41**. Зи нэхэр зэблэплъ.

*Зэхэзылъхьар* **Мыз Ахьмэдщ**.

***Мэкъуауэгъуэм и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **6**. Пщэдэлъ. **7**. Къандур. **8**. Кумб. **9**. Пхъужь. **10**. Сэх. **11**. ДжэдуукIэ. **12**. Псыжь. **15**. Къамэ. **17**. Нэгэгъу. **19**. Менлы. **20**. Щауэжь. **21**. ПщIащэ. **24**. Пэу. **25**. Бэдж. **29**. Хьэсэгъу. **32**. Мастэ. **33**. КIэрэхъ. **34**. Махъшэ. **35**. Псей. **36**. Йорк. **37**. Хьэнтхъупс. **40**. Ибэ. **42**. Хукхъуэ. **44**. Пхъы. **45**. КъыфIокIэ. **46**. БажэкIэ.

***Къехыу:*** **1**. Пщэхъу. **2**. Шэрэдж. **3**. Гъымбу. **4**. Вабдзэ. **5**. Шухьэ. **13**. Самэ. **14**. Жьынду. **15**. Къэуал. **16**. Мажьэ. **17**. Нып. **18**. Гъущэ. **22**. ЩIыунэ. **23**. Щыблэ. **26**. Мэсей. **27**. Шэрий. **28**. Имыс. **29**. Хьэм. **30**. ГъукIэ. **31**. Пхъэр. **37**. ХьэмкIэ. **38**. Тахътэ. **39**. Сэкъат. **41**. Бжыхь. **43**. КхъуакIэ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Шырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ (1, 4, 6-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (2, 3, 5-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 2.113 ● Заказ №1034